


# ADOPSYON <sup>1</sup>

 . . . sa fè m plèzi tandè sa, se byen. Ebyen, se toujou, tankou M te di anvan an, “M te kontan lè yo te di m, ‘Ann al lakay Seyè a.’” Mwen kwè David te fè deklarasyon sa yon fwa, “Ann al lakay Seyè a.” Mwen pa konnen pi bon kote pou ye, pa vre, sinon lakay Seyè a.

<sup>2</sup> Bon, aswè a, nou gen kèk zanmi isit la ki soti byen lwen depi Georgia. Yo pral petèt kondwi desann apre—apre soupe a aswè a. Apre sa nou pral . . . Kèk nan yo ki sot anba nèt la, m espere ke w ap rete. Epi kèlkeswa espas nou genyen an li a dispozisyon w.

<sup>3</sup> E apres a mèkredi swa n ap kontinye, ak etid la, e answit, si Seyè a vle, dimanch pwochen ankò.

<sup>4</sup> Epi la Chautauqua ap kòmanse le sis. Konsa tout sa yo ke vakans yo te planifye, n ap atann nou a yon gran moman, mèveye nan Chautauqua a. Se kote nou toujou gen yon moman si mèveye. Foul moun yo pa twò gwo, nou konn gen pafwa . . . Li ka kenbe jiska apeprè . . . Mwen sipoze nou ka mete dimil ladan l, fasilman. Men, anjeneral, lane pase m panse nou te gen anviwon sèt mil, yon bagay konsa. Kote a te chaje nèt, men gen anpil kote pou kanpe. Epi chèz ke yo te kab plase jouk nan bout la. E konsa n ap atann nou a sa.

<sup>5</sup> E m kontan wè anpil nan frè minis nou yo antre. Mwen pa janm ka sonje non l la a, misyonè a, Frè Humes ak Sè Humes, eske se ou menm ki chita la a, ak ti moun yo, nou kontan genyen yo, yon misyonè. Gen lòt ankò, Frè Pat, Frè Daulton, epi, o, yo tèlman anpil, Frè Beeler. Epi m te wè Frè Collins jis kèk moman de sa. Epi, o, li ta difisil pou nonmen yo tout. Men nou kontan anpil pou avèk nou nan kay Seyè a aswè a. Frè presye ekstraòdinè sa a Frè Neville ki chita dèyè m la a pou priye avè m pandan nou pral anseye Pawòl la. Charlie, mwen kontan wè w ak Sè Nellie la a aswè a, ti moun yo. Sa a se . . . epi ansèyman Bib la dabitid se yon trè . . . Wi, Frè Welch, mwen jis . . . t ap chache w, mwen wè w kounye a chita dèyè la a.

<sup>6</sup> Ansèyman Bib la dabitid on tijan delika, on tijan, ou konnen, on jan ap mache sou glas frajil, jan nou rele sa. Men nou jis santi ke petèt, kote n rive la e nan moman sa a, li ta ka bon pou on jan mennen le—legliz la a sa m panse, a yon—yon konpreyansyon total, sou pozisyon, kanta sa nou ye nan Jezi ki se Kris la. E pafwa m konn panse ke preche se yon bagay bagay ekstraòdinè, men mwen kwè pafwa, Frè Beeler, ke ansèyman al pi lwen ke sa, se tou kòm . . . espesyalman pou legliz la.

Bon, predikasyon anjeneral pran pechè a, mennen l anba kondanasyon ak Pawòl la. Men ansèyman plase lòm nan pozisyon

l kisa li ye. E pitou nou pap janm ka gen kòrèkteman lafwa jiskaske nou konsyan de pozisyon nou kisa nou ye.

<sup>7</sup> Kounye a, si Lèzetazini, bèl peyi sa a la, te voye m laba a nan Larisi, kòm yon anbasadè nasyon sa, nan Larisi, kidonk si yo te voye m ofisyèlman al Larisi, tout pouvwa ke Lèzetazini genyen an t ap dèyè m. Pawòl mwen t ap jis menm bagay ak Lèzetazini si yo te rekonèt mwen antan ke anbasadè.

<sup>8</sup> E alò si Bondye te voye nou kòm anbasadè Li, tout pouvwa ki nan Syèl la, tout sa Bondye ye, tout zanj Li yo ak tout pouvwa L apiye pawòl nou yo si nou te òdone kòrèkteman, si nou te dè mesaje ke yo te voye pou moun yo. Bondye oblije onore Pawòl la, paske Li te ekri si fòmèlman, ke “Kèlkeswa sa w lye sou tè a, m ap lye l nan Syèl la. Kèlkeswa sa w delye sou tè a, M ap delye l nan Syèl la. Epi M ba w kle Wayòm nan.” O, se jan de pwomès tèlman grandyoz konsa Li te bay legliz la!

<sup>9</sup> Aprea mwen, apre lòt jou . . . Anpil nan nou, m sipoze, te la maten an pou ap tande alòske m t ap eseye, nan fason enb, senp mwen an, eksplike vi—vizyon m te genyen sou Syèl la.

<sup>10</sup> Mwen pa t ap janm oze eseye doute de anyen ke nenpòt moun te janm di m konsènan sa Bondye te di yo. Mwen t ap kwè l menm si m pat wè l nan Ekriti a, mwen t ap toujou vle kwè pawòl frè sa. Mwen—Mwen ta ka jis rete tout tan ak Bib la, men toujou m t ap kwè ke petèt frè a te jis mal konpwann li nan yon fason, ke l ta ka jis on tikras nan konfizyon. E toujou mwen t pa kwè li—li kòm frè m.

<sup>11</sup> Men si gen yon bagay k ap boule nan kè m, e m espere ke l pap janm kite nan ane m yo ki gen pou vini yo, sè ke m pap janm bliye sa k te rive dimanch maten pase, sa fè yon semèn. Sa te fè yon bagay ki te revolisyone vi m. Mwen—Mwen pa pè. Mwen—Mwen pa gen yon sèl krentif pou lanmò. Lanmò pa fè m pè ditou. E sa—sa pa fè w pè si w jis konprann. Ebyen, petèt si . . . Ou ta dwe fè eksperyans lan pou w konn sa, paske pa gen okenn fason pou eksplike l. Ou pa ka jwenn mo, paske l pa nan diksyonè Anglè, oswa okenn lòt diksyonè, paske li nan domèn Etènite; pa gen yè, pa gen demen, se sèlman tan prezan. E se pa “Mwen santi m ase byen,” epi inèdtan apre, “M pa santi m tèlman byen,” epi nan yon lòt inèdtan, “M santi m byen ankò.” Se tan prezan tout tan. Ou wè? Pa janm sispann, sèlman lapè glorye sa, tout on koze.

<sup>12</sup> E paka gen peche, paka gen jalouzi, paka gen maladi, la—paka gen anyen ki t ap janm rive atenn rivaj Selès sa. Men si m ka gen privilèj pou m di sa a, ke, petèt mwen pa gen dwa. Si m pa gen dwa, alò mwen priye pou Bondye padone m. Men si m gen privilèj la, e ke se Bondye ki te pèmèt mwen anlve pou wè yon bagay, Mwen t ap refere a premye Syèl la. E konsa m kwè, gen youn nan Bib la, ki rele, mwen kwè se te Pòl, ki te anlve al nan twazyèm Syèl la. Men si sa te bèl konsa nan premye Syèl la, ki sa twazyèm Syèl la gen ladann? Se pa etonan li pa t kapab pale

de sa pandan katòz lane! Li di ke l pa t konnen si l te nan kò li oswa deyò kò li. Ak gran apot sa, se pa pou mete m nan plas li—li—li, oswa se pa pou eseye fè tèt nou pase pou nenpòt sa l te ye a, men m ka di menm jan avè l, mwen pa konn si se te nan kò sa oswa andeyò kò a. Sèlman, sa te jis osi reyèl ke jan m ap gade w la.

<sup>13</sup> Apre sa mwen te toujou ap mande m si m ta pati epi m ta wè yon ti nyaj k ap flote, yon espri, pou ap di, “Men frè ak sè, sa se Charlie ak Nellie. Sa se Frè ak Sè Spencer ki prale la.” Sa te toujou trakase m. Si je m yo nan tonm lan, ap dekonpoze, pouri, si zòrèy mwen yo pa la pou ap tande ankò, e si tout san m te fin ale nèt epi yo te anbonmen l, pou al nan dlo oswa nan tè a, apre sa kapasite mantal mwen yo, selil sèvo m yo fini nèt, lè sa kijan m ta ka yon lòt bagay ke jis yon espri k ap flote toupatou? E sa te boulvèse m. Ala m ta renmen ap di, “Bonjou, Frè Pat, o, mwen tèlman kontan wè w! Bonjou, frè Neville, ala m ta renmen wè w!” Men M te panse, “Ebyen, si m pa gen anyen pou m ka wè, ni okenn bouch pou m pale, se pouriti, se pousyè, kouman m ap ka di, ‘Bonjou, frè Pat,’ ‘Bonjou, Frè Neville,’ oswa sa l ye a, ‘Alo, Charlie?’”

<sup>14</sup> Men kounye a m konnen ke se fo. Paske li ekri nan Lèzekriti, sa m ap di a pa kontrè, “Paske si tabènak terès la detwi, nou gen youn ki deja ap tann,” yon lòt tabènak ki gen je, zòrèy, bouch, kapasite mantal. “Si tabènak terès sa a detwi!” Li gen yon kò ke m ap ka touche, ki ka pale.

<sup>15</sup> Epi kounye a sa vin a mwenmen, jis kounye a, ke Moyiz te mouri epi te nan yon tonm ki pa t identifye pandan uisan lane, e Elize t al nan Syèl senksan lane anvan, men sou Mòn Transfigirasyon an yo te jwenn yo ap pale ak Jezi.

<sup>16</sup> Apre Samyèl te fin mouri depi omwen twa a senkan, epi sòsyè Endor a te rele l monte, e ke l te tonbe fas atè, manzè te di, “Ou twonpe m paske ou se Sayil, ou menm.” Li te di, “Paske mwen wè dye yo!” Manzè te yon payen, ou wè. “Mwen wè dye yo k ap monte.”

<sup>17</sup> Sayil potko ka wè l, e li te di, “A kisa l sanble? Dekri l pou mwen.”

Manzè te di, “Li mens, e li gen yon manto sou zepòl li.”

<sup>18</sup> Li te di, “Se Samyèl, pwofèt la, mennen l la a devan m.” E mwen vle w remake ke Samyèl pa t pèdi anyen nan pèsonalite l. Li te toujou yon pwofèt. Li te di Sayil egzaktman sa k ta pral rive jou apre a.

<sup>19</sup> Kidonk, ou wè, lanmò pa konplètman diminye nou alòske n ap kriye ak jemi epi plenn sou tonm yo. Sa sèlman chanje kote nou rete a. Li deplase nou soti yon kote pou . . . Kisa laj ye? Si m viv inèdtan anplis, m ap viv depase yon moun ki gen sèzan, m ap viv pi lontan pase yon moun ki gen senkan. Laj pa anyen. Nou jis isit la nan yon bi, pou fè yon bagay.

20 Ebyen, kounye a, anpil nan ti manman bèl figi sa yo ki chita la, gen ladan yo ki gen swasant oswa swasanndizan, ki ta di, “Ebyen, kisa m te fè, Frè Branham?” Ou te elve timoun ou yo. Ou te fè sa w te sipoze fè a.

21 Petèt kèk vye papa ki chita la, ka di, “Bon, mwen te laboure chan yo, mwen te fè *sesi*. Mwen pa t janm preche.” Men ou te fè jis sa Bondye te voye w pou fè. Gen yon plas pou ou.

22 Nan pale ak yon vye doktè, yè, youn nan zanmi doktè m yo, bon jan zanmi, katreven e kèk lane. E bèlsè l la a nan legliz la aswè a, li te jis on tijan, ti kras enkyete pou li. Apresa m t al wè l. E osito m te kòmanse pale avè l, li te vin byen gaya, li te pale m de yon vwayaj lachas li te fè sa gen plizyè lane anwo nan Colorado, menm menm peyi kote m konn al lachas. Jis entelijan epi eklere menm jan an! Apresa m te di, “Doktè, depi konbyen tan w ap pratike?”

23 Li te reponn, “Depi lè w te nan tete.” E anba nèt la m te di . . . “E se anpil fwa,” li te di, “Pou m te pratike, m te konn pran charyo m, mwen te konn met twous mwen sou chwal mwen an. Mwen te konn pran ti valiz la pou ap mache.”

24 E m te di, “Wi, anba bò kannal yo, dezè di maten, ak flach ou, ap eseye jwenn yon kay kote yon timoun piti te gen vant fè mal oswa yon manman ak doulè tranche.”

“Se vre.”

25 Apresa m te di, “Ou konnen, doktè, mwen kwè, travèse liy separasyon sa la a, ant mòtèl e imòtalite, Bondye gen plas pou bon vye doktè ki te bay sèvis fason sa.”

26 Gwo dlo te sot nan je l li te kòmanse kriye, li te lonje men fèb li yo pou di “Frè, mwen espere sa.” Atravè peyi a, Bondye jije nanm yon nonm, sa li ye.

27 Answit mwen te ba l Ekriti ki bay satisfaksyon sa a. Anpil fwa, pandan w ap raboure lannwit nan fè nwa chan labou sa yo, ap eseye ede yon moun, petèt ou pa janm jwenn senkòb penich pou sa, men se kòrèk. Mwen te di, “Jezi di nan Ekriti a, ‘Benediksyon pou moun ki gen mizèrikòd, paske yo pral jwenn mizèrikòd.’” E sa se vre.

28 E aswè a nou vle tabli legliz, nan twa lesan sa yo, si Bondye vle, kouman epi kisa pou gade, kisa nou ye. N ap kòmanse nan premye chapit Liv Pòl te ekri Efezyen yo sou fòm lèt la. Epi n ap pran twa premye chapit yo nan twa pwochen etid nou yo, n ap eseye pran yon chapit chak swa, si n kapab. Aswè a, mèkredi, ak dimanch maten pwochen. Efezyen, premye chapit la. Kounye a kòm n ap etidye ansanm, mwen ta renmen di sa a, ke Liv Efezyen sa a pafètman an paralèl ak Jozye Ansyen Testaman an. Efezyen, Liv Efezyen an.

29 Kounye a sonje, si sa rive ke nou jis ale yon ti kras twò lwen, parapò a ansèyman pa w, jis padone nou epi sipòte nou yon

ti moman. Anvan nou louvri sa, annou mande L pou ede nou, pandan n ap bese tèt nou.

<sup>30</sup> Seyè, n ap pwoche Liv ki sen e sakre W la, Ki pi sekirite ke tout syèl ak tè a. Paske nou li nan Pawòl sa a, yo rele Bib la, ke “Syèl la ak tè a toulède ap pase, men Pawòl Mwen an pap janm fayi.” Kidonk, nan lè solanèl sa a kote m vin dèyè chè sa a aswè a, devan sa San W te achete, presye byeneme mòtèl sa yo ki chita isit la aswè a, ap kenbe fèm chak ti espwa ke yo kapab, pou akwoche yo a Limyè sa ki gen pou vini an. Pèmèt pou l tèlman sifizan, aswè a, ke chak kwayan isit la pral wè pozisyon l, epi tout moun ki poko antre nan gwo fratènite sa a, pral prese pou vin nan Wayòm nan, Seyè, pou ap frape nan pòt la jiskaske Gadyen an louvri pòt la. Akòde l, Seyè.

<sup>31</sup> N ap li la kote Bib sa a se pa okenn entèpretasyon prive. Bondye, pa kite mwenmenm Sèvitè w la oswa nenpòt lòt sèvitè ta janm eseye mete pwòp entèpretasyon pa yo nan Pawòl la. Se pou nou jis li L epi kwè L, fason ke L ekri a. E sitou nou menm bèje twoupo yo, nou menm pastè yo ki pral rasanble yon jou nan Peyi gloriye sa laba ak ti twoupo yo, epi nou pral kanpe nan Prezans Seyè Jezi a e nou pral wè jenerasyon sa k ap vini: Pòl, Pyè, Lik, Mak, Matye ak yo tout, epi wè yo ap jije la ak gwoup pa yo. Bondye, pèmèt ke m ka met dis milyon trofe nan pye W Pandan ke an tout imilite m ap trennen pou poze menm sou pye presye W yo, pou ap di, “Seyè, yo se pa W.”

<sup>32</sup> O Bondye, ranpli nou tou fre ak Lespri W, epi ak lanmou W epi ak bonte W. E ke nou ka, jan powèt la te eksprime nan kantik la plizyè lane de sa, “Ayo Presye k ap mouri a, San presye W la p ap janm pèdi pwisans li, jiskaske tout Legliz rachte Bondye a sove pou l pa peche ankò. E depi lè sa, pa lafwa, mwen te wè kouran dlo sa, ke blesi W ki t ap koule a te founi; lanmou redanmtris la te tèm chan mwen, epi l ap sa jouk mwen mouri. Answit nan yon kantik pi elve, pi dous,” li te kontinye pou di, “Mwen pral chante pwisans pa W pou sove a; menm lè bouch k ap tranble, k ap bege sa, va repoze an silans anndan kavò a.” Alò, kavò a p ap rezève ankenn lanmò pour timoun Ou yo. Se sèlman yon plas pou repose, oswa yon plas pou cache, kote kòripsyon sa pral chanje vin san kòripsyon.

<sup>33</sup> Se pou nou wè sa aswè a, Seyè, klèman, jan yo ban nou l nan Pawòl la. Bannou konpreyansyon. Epi plase nou, Seyè, nan pòs travay nou, pou n ka sèvi fidèlman jiskaske W vini. Nou mande sa lan Non Jezi, e pou lonè Li. Amèn.

<sup>34</sup> Kounye a, Liv Efezyen an, jan m te jis ap di a, Mwen . . . dapre mwen, se youn nan pi gwo Liv nan Nouvo Testaman an. Li kite nou, kote doktrin Kalvinis la rive nan bout fen yon branch, epi doktrin Amenianis la rive nan fen lòt bout branch lan, men Liv Efezyen an rale l ansanm epi plase Legliz an pozisyon.

35 Kounye a, mwen te tipifye l ak Jozye. Si w remake, pèp Izrayèl la te soti kite peyi Lejip, e te gen twa etap nan vwayaj yo a. Yon etap, se te kite peyi Lejip. Pwochen etap la, se te dezè a. E etap apre a, se te Kanaran.

36 Bon, Kanaran pa reprezante laj Milenyòm nan. Li reprezante sèlman laj venkè a, dispansasyon pou triyonfe a, paske nan peyi Kanaran an yo te konn touye, epi brile, yo te konn met men sou vil yo. Eitou pap gen lanmò nan Milenyòm.

37 Men yon lòt bagay ke l fè, li pote jistifikasyon pa lafwa, apre yo fin kwè nan Moyiz epi kite peyi Lejip. Sanktifikasyon, pou ap swiv anba Kolòn Dife a ak ekspyasyon ayo sakrifye a nan dezè a. E apres a se te antre nan yon peyi ki te pwomèt.

38 Kounye a, se kisa latè pwomiz la ye pou kwayan Nouvo Testaman an? Pwomès la se Sentespri a. “Paske, sa pral rive nan dènye jou yo,” Jowèl 2:28, “ke Mwen pral devide Lespri M sou tout chè. Pitit gason ak pitit fi nou yo pral pwofetize. Epi sou sèvitè M ak sèvant Mwen yo, M pral devèse Lespri M, e yo pral pwofetize. Mwen pral montre bèlmèvèy anwo nan syèl la. Epi sou tè a, kolòn dife, ak lafimen, ak vapè.” E jou Pannkòt la, Pyè te di, apre li te fin pran tèks li pou ap preche, “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri pou remisyon an,” remèt, padone, retire tout fot pase yo.

39 Èske nou te remake, Jozye, anvan yo te travèse Jouden an, Jozye te di, “Pase atravè kan an epi netwaye rad nou pwòp epi sanktifye nou chak nan nou, e ke okenn gason pa al kot madanm li, paske nan twa jou nou pral wè glwa Bondye.” Ou wè? Se yon—se yon mannyè pou prepare w pou vin eritye pwomès la. Kounye a, pwomès la pou pèp Izrayèl, se te, Bondye te bay Abraham pwomès pou peyi a, Palestin, e sa te dwe posesyon yo pou tout tan. E yo te dwe toujou rete nan peyi sa.

40 Kounye a, yo te pase twa etap, pou antre nan latè pwomiz sa a. Kounye a obsève, li pafètman tipifye nan Nouvo Testaman an.

41 Ebyen sa a, jan mwen te di a, pa dakò ak kèk nan panse nou yo. Gen kèk nan nou presye moun Nazareyen yo, Legliz de Dye, elatriye, pa kite sa atenn ou, men jis pran san w pou gade l epi obsève tip yo. Gade pou wè si chak kote pa tonbe jis pafètman.

42 Te gen twa etap nan vwayaj la, e gen twa etap pou vwayaj sa a. Paske, nou jistifye pa lafwa, ap kontinye kwè nan Seyè Jezikri a, ap abandone peyi Lejip la, soti kite l. E answit nou te sanktifye atravè ofrann San Li, nou te lave de peche nou yo, e nou te vin pèlèren ak vwayajè, ap deklare ke n ap chache yon peyi, yon vil k ap vini, oswa yon pwomès.

43 Se sa pèp Izrayèl la te fè nan dezè a, vwayajè, ki pa gen okenn kote pou repoze, ap vwayaje nwit apre nwit, ap swiv Kolòn Dife a, men finalman yo te rive nan latè pwomiz kote yo te tabli.

44 Se la a kwayan an rive. Li vini dabò nan akseptasyon ke li se yon pechè; apres a li separe pa dlo yo, lavaj ak dlo a, atravè San an, epi . . . oswa lavaj dlo a atravè Pawòl la, pito, kontinye ap kwè Seyè Jezikris la. Lè sa, poutèt li te jistifye pa lafwa, li vin yon patisipan, e li anpè ak Bondye, atravè Kris la, li te batize lan Non Jezikri, pou yo bliye l nan vwayaj la. Ou sezi li? Nan vwayaj la! Apres a li vin yon vwayajè e yon pèleren. Li nan vwayaj li pou kisa? Pou yon pwomès ke Bondye te fè.

45 Pèp Izrayèl la potko resevwa pwomès la, men yo te nan vwayaj yo. E san w pa estomake . . . Tanpri konprann byen. Se la ke noumenm, Nazareyen ak Pèleren Sentete, elatriye, te tonbe. Paske, pèp Izrayèl la, lè yo rive kote sa, Kadès-Banea, lè espyon yo te travèse laba pou di, “Peyi a ekstraòdinè,” men kèk nan yo te tounen pou di, “Nou pa ka pran l, paske vil yo antoure ak mi, elatriye.” Men Jozye ak Kalèb te kanpe, e yo te di, “Nou plis ke kapab pou pran l!” Poutèt yo te deja angaje nan deklarasyon yo te dokimante, yo te kwè nan toude zèv lagras yo, jistikasyon ak sanktifikasyon, men yo patka al pi lwen. Bon, koute, tout jenerasyon sa te peri nan dezè a. Malgretou de te travèse al latè pwomiz e yo te mennen prèv tounen ke se te yon peyi yon bon peyi, “e nou plis ke kapab pou pran l, paske se te pwomès Bondye.” Konsa olye pou moun yo kontinye, pou ap resevwa Sentespri a, pale an lang, resevwa pwisans Bondye, batèm Sentespri, siy, bèlmèvèy, mirak yo, yo te gen enpresyon ke sa t ap demoli tradisyon doktrin yo. E kisa k te rive ak sa? Yo te peri nan peyi a! Se vre.

46 Men pou kwayan yo, fason abiye Kalèb ak Jozye, ki t ap kontinye ak pwomès la, Yo te travèse antre nan peyi a, e yo te pran peyi a, pou yo te tabli nan peyi sa, kòm yon posesyon. Nou pa janm rete nan jistikasyon, sanktifikasyon. Ann avanse nan batèm Sentespri a. Ann pa sispann kwè nan Seyè Jezi a, apre batèm lan. Ann pa kanpe paske L te pirifye nou de yon vi ak peche. Men kounye a n ap prese pou nou an pozisyon, nan direksyon pwomès batèm Sentespri a. Paske Pyè te di, Jou Pannkot la, “Paske pwomès la se pou nou menm, ak pitit nou, e pou sila yo ki byen lwen, kèlkeswa kantite ke Seyè Bondye nou an va rele.”

47 Konsa, Efezyen la plase nou menm jan ak Jozye, konsènan zafè pozisyon. Remake, Jozye, apre yo te fin travèse nan peyi a, pou pran peyi sa, apres a li te pataje peyi a. “Efrayim *la a*, Manase *la a*, e sa a *isit la*, Gad *la a*, Benjamen *la a*.” Li te pataje peyi a.

48 Epi remake! O, sa jis ap brile kè nou! Chak nan manman Ebre sa yo, lè yo t ap akouche timoun sa yo, te pwononse kote sa menm, nan doule tranche yo, ki kote yo t ap plase nan latè pwomiz. O, se yon etid ekstraòdinè! Si nou te kab sèlman antre ladann an detay, sa ki ta pran dèzè e dèzè. Yon jou lè nou fè repare legliz nou an, mwèn ta jis renmen vini pou pran tout on mwa aswa de, pou jis rete dirèkteman sou sa. Obsève lè yo, chak manman sa yo,

lè l te rele, “Efrayim,” pandan l te gen tranche, Li te mete l nan pozisyon kote pye l yo te gen pou plante nan lwil. Jis egzaktaman yo chak kèlkeswa kote yo te ye a!

<sup>49</sup> Epi Jozye, san l pa konn sa, men sou enspirasyon, sou gidans Sentespri a, apre l te fin antre nan latè pwomiz, te bay chak moun pwomès pa l, egzaktaman jan Sentespri te pwomèt atravè nesans li laba.

<sup>50</sup> Kouman Bondye te plase kèk moun nan legliz, atravè doule tranche! O, yo vin pi fè mal pafwa. Lè yon legliz ap plenn anba pèsekisyon monn deyò a, pou ap kwè nan Seyè Jezi a, ke pwomès Sentespri a jis osi reyèl pou nou menm jan l te ye pou Pannkot la, ala yo te konn jemi epi rele ak doule tranche! Men lè yo fèt, epi fèt tou nan pozisyon yo nan Wayòm Bondye a, Alò Sentespri a plase nan legliz, kèk kòm apot, kèk kòm pwofèt, kèk kòm anseyan, kèk kòm pastè, kèk kòm evanjelis. Apresa Li mete la, pale an lang, entèpretasyon lang, konesans, sajès, don gerizon, tout kalite mirak.

<sup>51</sup> Kote legliz la . . . Kounye a se objektif mwen pou m fè sa. Legliz toujou ap eseye pran pozisyon yon lòt moun. Men pa fè sa. Ou pap janm ka kiltive mayi nan kwen Efrayim, si w se Manase. Ou dwe pran plas ou nan Kris, pran l selon pozisyon w. O, sa vin pwofon epi rich lè nou antre la, jan Bondye mete youn nan legliz la pou pale an lang, yon lòt . . . Kounye a, yo te anseye nou plizyè fwa, “nou tout dwe pale an lang.” Se fo. “Nou tout dwe fè l.” Non, nou pa oblije. Yo tout pa t fè yon sèl bagay. Yo chak te . . .

<sup>52</sup> Pou yo chak, peyi a te founi epi pataje pa enspirasyon. Epi, pou yo chak, m te ka pran Lézekriti pou montre w li egzaktaman, ke l te mete yo kote yo te sipoze ye a, an pozisyon, jan de mwatye tribi yo te dwe rete lòt bò larivyè a, jan manman yo te pouse kri nan akouchman yo, e jan chak plas te sipoze ye.

<sup>53</sup> Epi kounye a apre w fin antre, sa pa vle di ke w libere de zafè lagè. Ou fèk kare nan goumen pou chak pous teren ke w kanpe sou li. Kidonk, ou wè, Kanaran pa t reprezante gwo Syèl la, paske se lagè ak pwoblèm ak touye moun ak goumen, elatriye. Men l te vrèman reprezante sa a, ke sa dwe yon mach pafè.

<sup>54</sup> Men ki kote legliz ap pran echèk jodi a, nan mach sa. Èske w konnen ke menm pwòp konpòtman w ka met yon lòt moun k o pou l pa geri? Move konpòtman nou, nan peche san konfese noumenm kwayan yo, ka lakòz legliz sa a echwe gravman. E nan Jou Jijman an w ap responsab pou chak ti myèt. “O,” ou di, “kounye a, tann yon minit, Frè Branham.” Bon, sa se Laverite. Panse a sa!

<sup>55</sup> Jozye, apre l fin travèse nan peyi a, Bondye te fè l pwomès ke . . . Jis panse, pou mennen yon kanpay annantye san yo pa pèdi yon moun, san yo pa menm gen yon grafouyen, san yo pa t oblije gen yon enfimyè, oswa yon bwat premye swen oswa yon pansman. Amèn. Bondye di, “Peyi a se pou ou, al goumen.”



Reflechi, pou mennen yon kanpay, epi pa gen pyès Lakwa Wouj nan viwonn lan ditou, pa gen pèsonn ki pral blese!

56 E yo te touye Amoreyen ak Etyen yo, men pa t gen youn nan yo ki te blese jiskaske peche te antre nan kan an. Apresa lè Akan te pran abiman Babilonyen sa ak bozo annò a, epi kache l anba tant pa l la, nan landmen, yo te pèdi sèz òm. Jozye te di: “Kanpe! Kanpe! Tann yon minit, gen yon bagay ki pa mache! Gen yon bagay ki pa mache la. Nou pral mande sèt jou jèn. Bondye te fè nou yon pwomès, ‘Pap gen anyen pou fè nou mal.’ Lènmi nou yo pral tonbe nan pye nou. E gen yon bagay ki mal isit la. Gen yon bagay ki te pase mal yon kote, paske nou te gen sèz moun mouri ki lonje la. Yo se frè nou Izrayelit, e yo mouri.”

57 Poukisa yo te mouri, dèzòm inosan? Poutèt yon sèl moun te soti kite liy lan. Ou wè pou ki rezon sa a bezwen pou l anseye? Legliz k ap aliye l, k ap aliye l ak Pawòl Bondye a, k ap aliye l ak Bondye e k ap aliye l youn ak lòt, k ap mache pafètman dwat, ak moderasyon, devan tout moun, nan krent Bondye. Poutèt yon sèl moun te vòlè yon rad, pou fè yon bagay li pa t dwe fè, sa te koute lavi sèz moun! M panse ke se te sèz, petèt plis. Mwen kwè se sèz moun ki te mouri.

58 Jozye te konvoke, li te di “Gen yon bagay ki pa mache! Bondye te fè pwomès la, e gen yon bagay ki pa mache.”

59 Lè nou mennen malad yo devan nou, epi yo pa geri, nou bezwen konvoke yon jèn solanèl, konvoke yon rasanbleman. Gen yon bagay ki pa mache yon kote. Bondye te fè pwomès la, Bondye oblije kenbe pwomès sa, e L ap fè l.

60 E li te konvoke yon jèn. E yo te jwenn, yo fè tiraj o sò. E Akan te konfese sa. E yo te touye Akan, ak tout fanmi l, yo te boule sann yo, e yo te kite l la pou yon souvni. Apresa Jozye t al toudwat nan batay la, li te pran tout bagay, san yon grafouyen ni yon blesi. Men ni.

61 Yon jou li te bezwen yon ti tan, yon ti tan anplis. Solèy la te sou pwen kouche, mesye yo pa t ka goumen twò byen lannwit. Jozye, gran gèye sa, ke Bondye te wenn, ki te plase an pozisyon nan peyi a, tankou Efezyen pou nouvo Legliz la, posede, te posede, ap posede peyi a, ap pran kontwòl li. Li te bezwen yon ti tan, konsa l te di, “Solèy, ret kanpe!” E li te ret kanpe pandan anviwon douz èdtan, jouk li te pran peyi a. Ou wè?

62 Bon Liv Efezyen an mete nou an pozisyon nan Kris, sa ke yo te ye nan Tè Sent la. Nou pa t plase nan Tè Sent lan, men nan Sentepri a! Kounye a ann jis li Pawòl la, pou wè kijan legliz la pafè:

*Pòl, yon apot Jezikri dapre volonte Bondye, . . .*

63 O, mwen renmen sa! Bondye te fè l yon apot. Okenn ansyen pa t enpoze l lèmen, pa t gen evèk ki te voye l yon kote, men Bondye te rele l pou te fè l yon apot.

*Pòl, yon apot Jezikri dapre volonte Bondye, a sen yo (moun ki sanktifye yo) ki nan vil Efèz la, epi a moun ki fidèl nan Jezikri:*

64 Gad kijan li abòde sa. Sa a se pa pou enkwayan yo. Sa a se pou legliz. Li te rele sila ki te soti yo, sa yo ki te sanktifye epi ke yo te rele yo ki nan Jezikri.

65 Kounye a, si w vle konnen kijan nou vin nan Jezikri, si w vle al nan Premye Korentyen 12, li te di, “Paske atravè yon sèl Espri nou tout te batize nan yon sèl Kò.” Kijan? Te batize pa kisa? Sentespri a. Se pa ak batèm dlo, noumenm moun Legliz de Kris yo, men pa yon È-s-p-r-i, pa yon sèl Espri. Pa ak bay lanmen, yon lèt, ni wouze ak dlo. Men, “Pa yon sèl Espri nou tout te batize nan yon sèl Kò,” posesyon pa nou, Peyi Bondye bannou pou nou abite a, se Sentespri a. Menm jan Li bay Juif yo Kanaran, Li bannou Sentespri a. “Se nan yon sèl Espri nou tout te batize nan yon sèl Kò.” Ou sezi li?

66 La, l ap pale ak Kananeyen espiritèl yo, Izrayèl, Izrayèl espiritèl la ki te posede peyi a. O, èske w pa kontan ke w te kite lay peyi Lejip la? Èske w pa kontan ou te soti kite dezè a? Epi, sonje, yo te oblije manje lamàn, manje Zanj ki sot nan Syèl, jiskaske yo te travèse nan peyi a. E lè yo te travèse nan peyi a, lamàn te sispann tonbe. Yo te atenn plèn matirite yo lè sa, e yo te manje vye mayi peyi a. Bon, kounye a poutèt ou pa ti bebe ankò, poutèt ou pa gen dezi pou dlo lèt Levanjil la, poutèt ou pa oblije dòlote, ak kajole w, pou ap fòse w vin legliz, poutèt ou se yon Kretyen ki vrèman atenn plèn matirite l, ou pare kounye a pou manje gwo moso vyann. “Ou pare pou antre nan yon bagay,” se sa l te di. Ou pare pou w konprann bagay ki pwofon epi rich. O, nou pral antre ladann dirèkteman. Epi, o, li te kache depi fondasyon mond lan. Li te di, “Poutèt ou te atenn sa, m ap adrese sa a a oumenm.” Se pa pou sila ki fèk kite peyi Lejip yo, se pa pou sila yo ki toujou nan vwayaj la, men se pou sila yo ki nan latè pwomiz, ki te resevwa pwomès la.

67 Konbyen moun ki te resevwa pwomès Sentespri a? O, èske w pa kontan ke w nan peyi a? Bò isit la kounye a, ap manje vye mayi a, ap manje bagay solid Bondye yo pou jwenn yon konpreyansyon klè. Panse espiritèl pa w—pa w te debarase nèt. Ou konn egzaktèman Kimoun Li ye. Ou konn egzaktèman kisa Li ye. Ou konn egzaktèman kote w prale. Ou konn egzaktèman tout bagay sou Sa. Ou konn nan Kimoun ou te kwè e ou konvenki ke L ka kenbe sa w te konfyè L pou jou a. O, se Sila a, se de li ke Pòl ap pale kounye a. Koute byen. Kounye a siveye.

*... fidèl nan Jezikri a:*

68 Kounye a, kite m fè legliz la repete sa. Kijan nou antre nan Kris? Lè w fè w manb legliz? Non. Lè w met non w nan yon liv? Non. Lè w batize pa imèsyon? Non. Ki jan nou antre nan Kris? Pa yon sèl Sentespri nou tout te batize nan yon sèl pwomès, Kò a, epi

nou patisipe nan tout sa ki nan peyi a. Amèn! O, mwen—mwen renmen sa. Si m pa t anwe, mwen te kab pouse dè kri. Mezanmi, lè m rive nan peyi sa a, se ap pa m. Mwen lakay mwen kounye a; Mwen nan Kanaran. Mwen soumèt a nenpòt bagay ke Bondye vle itilize m pou fè. M ap mache sou tè ki sen, yon pitit Wa a, tou pare ak rad sou mwen. Mwen soti kite peyi Lejip, mwen te pase pa latè pwomiz, mwen te pase eprèv yo, m te travèse larivyè Jouden an pou antre nan pwomès beni sa a. O, kijan m te fè jwenn li? Pa yon sèl Espri. Menm jan Pòl te jwenn Li, sa te aji sou mwen menm jan Li te fè l pou li, menm jan Li te fè l pou ou. “Pa yon sèl Espri nou tout te batize.” Pa wouze ak dlo, jis yon ti gout de Li, pou w santi w byen; men ou te plonje anba! Tou sa te fèt pou al anba dlo, nan Sentespri a. Sa se pwomès la.

<sup>69</sup> Efezyen pa nou an, Jozye pa nou an, ki se Sentespri an, *Jozye* vle di “Jezi, Sovè.” Jozye vle di Sentespri a k ap reprezante l nan esprityèl la tankou sa te ye nan natirèl la, ke Li se gran Gèrye nou an. Li se gran Lidè nou an. Menm jan Bondye te avèk Jozye, se konsa Bondye (nan Sentespri a) ap fè nou bouje. E lè peche antre nan kan an, Sentespri a mande fè yon poz, “Kisa k pa mache la nan legliz sa a? Gen yon bagay ki pa mache.” O, èske w pa wè jan nou te gen twòp pitit Kich la? Twòp Sòl ki vin de semine ak lekòl teyoloji e ki soti al anseye bagay pèvèti sa yo, jan Bib la te di yo t ap fè a. “Annaparans, san Fwa, ap separe tèt yo de ou, san okenn kominyon avèk ou, elatriye, yo gen yon aparans pyete epi ap nye pwisans lan: vire do bay jan de bagay sa yo.” Yo pa konn ki kote yo soti, yo pa ka bay okenn rezon.

<sup>70</sup> Mwen repete sa daprè Frè Booth Clibborn, yon zanmi m, si gen yon bagay ki yon il- . . . kreyati-malsen ilejitim, nenpòt sa l ye nan mond lan, se yon milèt. Yon milèt se sa k pi estipid nan tout bagay. Li se yon . . . li—li pa konn kisa l ye. Li pa ka repwouvi tèt li ditou. Yon milèt pa ka kwaze ak yon lòt milèt pou bay yon milèt. Li fini. Li pa konn ki kote papa l soti, li pa konn manman l non plis, paske limenm se yon ti—yon ti bourik epi se yon chwal mal. Bondye pa t janm fè sa. Pa met yon tèl bagay sou kont Bondye. Bondye pa t janm fè sa. Bondye te di, “Tout bagay pwouvi dapre espès yo.” Wi, mesye. Men yon milèt se yon—yon . . . papa l te yon bourik e manman l te yon chwal mal, kidonk li pa konn de kisa li fè pati. Li—li—li se yon chwal k ap eseye vin yon milèt, oswa yon milèt . . . oswa—oswa li se yon chwal k ap eseye tounen yon bourik, yon bourik k ap eseye tounen yon chwal. Li pa konn ki kote li fè pati. E li se bagay ki pi tèt di ki genyen nan monn lan. Ou pa janm ka mete yon ti myèt konfyans nan li.

<sup>71</sup> E se konsa anpil moun ye nan legliz. Yo pa konn kiyès ki papa yo, yo pa konn kiyès ki manman yo. Sèl bagay yo konnen, yo swa Presbiteryen, Metodis, Batis, oswa Pannkotis, oswa yon bagay kèlkonk. Yo pa konn ki kote yo soti. E yon vye bourik, ou ka jis rele sou li otan ke w vle rele sou li, l ap rete la epi drese gwo zòrèy li yo drèt, pou ap gade. Ou ka preche yo tout lannwit, e yo pap

konn yon ti kras anplis lè yo kite ke sa yo te konnen lè yo te antre a. Bon, sa se jis laverite. Mwen pa vle parèt tranchan, men mwen vle di w Laverite.

<sup>72</sup> Men gen yon sèl bagay yo ka fè, yo se bon travayè. O, yo jis ap travay, travay, travay, travay. Sa fè m panse a pakèt moun Amenyen sa yo ki toujou ap eseye travay fè wout yo pou al nan Syèl. Se vre, yon milèt. O, Sosyete Èd pou Dam, ak soupe poul, pou pèman, predikatè a. “Ebyen nou oblije òganize dans sa a, ak bagay sosyal sa a.” Se jis travay, travay, travay, travay, travay, travay, travay. Epi, yomenm, pou kisa y ap travay?

<sup>73</sup> Mande yo, “Èske w te resevwa Sentespri a depi w te kwè?”

<sup>74</sup> Yo drese zòrèy yo drèt, e yo pa konn ki kote yo fè pati, “Kisa w vle di? Ki kote tout bagay sa te ye? Kisa w vle di, ak Sentespri a? M pa t janm tande anyen sou Sa. O, ou dwe yon jan de fanatik.” Ou wè, yo pa konnen kiyès ki te papa yo, oswa kiyès ki te manman yo, non plis. E ou oblije kenbe redi ak yo sou tout sa w ap fè, kenbe redi *pa si* epi kenbe redi *pa la*, kenbe redi *pa si* e kenbe redi *pa la*. Se vre, yon vye milèt.

<sup>75</sup> Men, m ap di w, ou pa oblije fè sa ak yon veritab chwal bon ras. Jis klake fwèt la sou li yon sèl fwa, epitou frè, li met deyò. Li konn sa l ap fè. O, ala sa bèl pou monte yon chwal bon ras! Ala sa bèl pou di, “Annou wè, gason m.” O, monchè, ou ta fè mye pou byen kenbe kò w, l ap fè sèl la vole dan lèzè.

<sup>76</sup> Se konsa sa ye ak vrè kretyen bon ras la. Alélouya! “Resevwa Sentespri a. Repanti, chak nan nou, epi batize nan Non Jezikri, pou padon peche nou yo.” Yo pati, osi vit ke yo ka rive nan dlo a, yo met deyò. Yo pa ka repoze lajounen kou lannwit jiskaske yo resevwa Sentespri a. Poukisa? Ou konnen, yon Kretyen konn kimoun ki te Papa l. Ou wè, sa pran de moun pou w gen yon nesans. Se vre, papa a ak manman an. Milèt la pa konn kimoun ki papa, oswa kimoun ki manman. Men noumenm nou konn kimoun Papa ak Manman ye, paske nou te fèt ak Pawòl Bondye ki ekri, ki konfime pa Lespri. Pyè te di, Jou Pannkòt la, “Si nou repanti epi batize, chak nan nou, nan Non Jezikri, pou padon peche nou yo, n ap resevwa don Sentespri a.”

<sup>77</sup> Ebyen, frè, yon vrè Kretyen ne de nouvo, (o, la la) nan espri l, osito li resevwa Pawòl la, li resevwa Sentespri a. Mande l yon bagay lè sa a! Li konn ki kote l kanpe. “Èske w kwè nan gerizon Divin?”

“Amèn!”

“Èske w kwè nan Dezyèm Vini an?”

“Amèn!”

<sup>78</sup> Mande yon milèt sa. Relijyon milèt la, “Han an, m pa konnen. Doktè Jones te di yon fwa . . .” Han an! La a, yo kontinye menm jan ak Sayil. Ou wè? “O, yo pa konnen. Ebyen, kite m di w, legliz mwen an pa sèten de Sa.”

79 O, frè, men yon nonm ak yon fanm ne de nouvo yo jis osi sèten de vini Seyè Jezi a, yo jis osi sèten ke yo resevwa Sentespri a menm jan ke gen yon Sentespri ki la pou bay.

80 Kounye a, Jezi te di . . . Fanm nan pwi a, “Nou adore sou mòn sa a, e Jwif yo adore Jerizalèm.”

81 Li te reponn, “Fanm, tandè Pawòl Mwen! Lè a rive, e se kounye a, kote Papa a ap chache sila yo k ap adore L nan Espri e an Verite.”

82 “Pawòl Ou se Laverite.” Epi tout òm ki va li Bib la pou kwè chak Pawòl Bib la di, e ki swiv enstriksyon Yo, pou resevwa menm Sentespri ke yo te resevwa a, menm fason yo te resevwa L la, menm rezilta ke yo te resevwa de Li a, menm pwisans yo te jwenn lè yo te resevwa L la, li konnen kimoun ki Papa l ak Manman l. Li konnen ke l te lave nan San Jezikri, ke l te ne de Lespri, ranpli ak onksyon Bondye. Li konn ki kote l kanpe. Sèten! Li Kanaran. Li konn kote l soti. Se konsa sa ye ak yon veritab Kreyen. Mande li, “Èske w te resevwa Sentespri a depi w te kwè?”

“Amèn, Frè!”

83 M te kanpe lòt jou bò kot yon vye sen aje, ki gen katrevandezan, m t ap pale ak pastè l ki gen katreven lane, mwen te di, “Grann?”

Jis osi eklere manzè te kapab, li te di, “Wi, pitit gason m.”

84 Mwen te di, “Sa fè Konbyen tan depi w te resevwa Sentespri a?”

Li te di, “Glwa pou Bondye! Apeprè swasantan de sa mwen te resevwa L.”

85 Kounye a, si l te yon milèt, li t ap di, “Bon, tann yon minit, mwen te konfime epi yo te wouze m ak dlo lè m te . . . Ebyen, sètènman, e yo te mennen m nan legliz la epi m te pote lèt mwen an bay *entèl*.” O, mizèrikòd! Yo pa menm konn ki kote yo fè pati.

86 Men limenm li konnen ki kote dwadenès li soti. Li te la lè sa te rive. Li te ne ak dlo ak Lespri Bondye. Li te konnen, epi se dlo atravè lavaj dlo ak Pawòl la, li pran Pawòl la.

87 Kounye a gade jan sa te adrese, “Pou sila yo ki nan Jezikri.” Pòl, la, sonje . . . M ap pran yon tan byen long, malgre sa m pap reyisi pase atravè chapit sa a. Men m ap depeche m . . . Èske w renmen sa? O, Sa di nou ki kote nou ye, men nou pa ka fè l jis nan yon sware. Nou bezwen yon mwa ou de pou sa, chak swa, jis pase drèt atravè Li, Pawòl apre Pawòl. Retounen dèyè pou mennen l dapre listwa epi prezante l drèt la, Pawòl apre Pawòl, pou montre w ke Se Laverite. Kounye a kite m li vèsè sa rapidman ankò.

*Pòl, youn apot Jezikri pa volonte Bondye (non ak volonte lòm), pou sen yo ki nan lavil Efèz, e (konjunksyon) pou fidèl nan Jezikri yo:*

<sup>88</sup> Ki vle di, “Yo te rele yo, separe yo, epi kounye a Sentespri a te batize yo, e yo nan Jezikri. M ap adrese lèt sa a a noumenm, byenneme m yo.” O! M ap panse ak Pòl laba a avèk yo kounye a, o, ala yo kontan! Vyep ti apot sa yo te koupe tèt li anba la. Mwen te kanpe toupre kote yo te koupe tèt li a. Men, o, tèt li sou nouvo kò sa, e li pap janm ka koupe ankò. E li kanpe laba a avèk li nan minit sa a menm, menm apot ki te ekri Sa a. E li te di, “Pou nou menm ki nan Jezikri! Pa yon sèl Espri nou tout te batize nan sèl Kò sa a.” Kounye a, obsève.

*Ke mizerikòd, ak lapè avèk ou, ki vin de Bondye Papa nou, epi. . . Senyè Jezikri a.*

*Benediksyon pou Bondye epi Papa Jezikri, Seyè nou an, ki te beni nou ansanm ak tout . . .*

O, eske w tande sa, Charlie?

*. . . te beni nou ak tout benediksyon espiyityèl yo . . .*

<sup>89</sup> Pa jis yon pati pou apot yo, e yon pati pou sesi, men Li te beni nou ak tout benediksyon espiyityèl yo. Menm Sentespri ki te tonbe Jou Pannkot la se menm Sentespri ki isit la aswè a. Menm Sentespri ki te fè Mari rele byen fò pou pale an lang, epi gen yon moman glorie pou ap rejwi l, ak bagay ke l te fè yo, se menm Sentespri sa ki isit la aswè a. Menm Sentespri ki te pèmèt Pòl al sou vye bato sa, kote sa te sanble tankou l te an bwa won pou dlo e ki te fini, pandan katòz jou ak nwit, san lalin oswa zetwal. Li te gade deyò a e chak vag te gen yon demon sou li, ki t ap gade, pou ap manje dan l yo, pou di: “Mwen pral koule w, vye gason, kounye a. Mwen kwense w kounye a.”

<sup>90</sup> E pandan Pòl te desann pou fè yon ti priyè, men yon Anj ki te kanpe la, ki te di, “Piga w pè, Paul. Vye bato sa ta pral kraze sou yon sòt de zile. Ou mèt al manje soupe w, tout bagay kòrèk kounye a.”

<sup>91</sup> Men li ak chenn sa yo nan vyep ti bra l yo, ap trennen yo nan pye l, e li te di, “Bon kouraj, mesye, paske Bondye, Anj Bondye a, ke mwen se sèvitè L la, te kanpe bò kote m pou di, ‘Pòl, pig a w pè.’” Menm Sentespri sa isit la aswè a, menm Espri Bondye a, ap preche nou sou menm benediksyon espiyityèl yo.

*. . . te beni nou ak tout benediksyon espiyityèl nan lye selès yo . . .*

<sup>92</sup> O, ann estope jis yon minit de plis la. “Nan lye Selès.” Bon, se pa jis nenpòt ki kote deyò a la a, men nan Lye Selès. Nou reyini nan “Syèl,” sa vle di ke se pozisyon kwayan an. Sa a se, si m te vrèman priye, ou te vrèman priye, oswa legliz la te vrèman priye, epi nou te pare pou Mesaj la, e nou te reyini noumenm ansanm antanke sen, ki te soti, ki te batize ak Sentespri a, te ranpli ak benediksyon Bondye, te soti, te eli, te chita ansanm nan lye Selès kounye a, nou vin dezèt Selès nan nanm nou. Espri nou te mennen nou antre nan yon atmosfè Selès. O, frè! Men ni, yon

atmosfè Selès! O, kisa k ka rive aswè a, kisa k ka rive aswè a si n ta chita isit la nan yon atmosfè Selès, E Sentespri a ap aji sou chak kè ki te rejenere e ki vin yon nouvèl kreyati nan Jezikri? Tout peche anba San an, nan yon adorasyon pafè, ak men nou leve anlè pou Bondye epi kè nou elve, chita nan lye Selès nan Jezikri, ap adore ansanm nan lye Selès.

93 Èske w te janm chita nan youn? O, mwen te chita jouk mwen te ak dlo kè kontan nan je pou ap di, “Bondye, pa janm pèmèt mwen kite isit la.” Jis lye Selès yo nan Jezikri!

94 Ap Beni nou ak kisa? Gerizon divin, prekonseans, revelasyon, vizyon, pwisans, lang, entèpretasyon, sajès, konseans, tout benediksyon Selès yo, ak lajwa ou paka dekri e ki ranpli ak Glwa, tout kè ranpli ak Lespri, ap mache ansanm, chita ansanm nan lye Selès yo, pa yon sèl movèz panse pami nou, pa yon sèl sigarèt ki fimen, pa yon sèl rad kout, pa yon sèl *sesi, sela*, ou se *lòtbò*, pa yon sèl movèz panse, pèsoun ki gen anyen kont yon lòt, tout moun ap pale nan lanmou ak amoni, tout moun nan yon sèl akò nan yon sèl kote, “apresa bripsoukou men yon bri ki te sot nan Syèl ak yon son tankou yon gwo van fò ki t ap pase.” Men ni, “Li te beni nou ak tout benediksyon espiyèl yo.”

95 Lè sa Sentespri a ka tonbe sou yon moun, pou di, “ENSI DI SEYÈ A. Ale yon kote kèlkonk epi fè yon bagay kèlkonk.” Obsève l k ap rive jis jan *sa*. [Frè Branham klake dwèt li yo—Editè a.] Ou wè? “ENSI DI SEYÈ A. Al fè tèl bagay tèl kote.” Obsève l k ap rive fason *sa*. [Frè Branham klake dwèt li yo.]

96 “Te beni nou ansanm ak tout benediksyon Selès ki nan lye Selès yo.” Siveye!

*Dapre jan l te chwazi nou . . .*

97 Èske nou te chwazi Li, oswa Li te chwazi nou? Li te chwazi nou. Kilè? Jou swa nou te aksepte L la? Te chwazi a!

*Dapre jan li te chwazi nou nan li anvan fondasyon mond lan, ke nou ta dwe sen . . . san repwòch devan li nan . . . (denominasyon yo?) . . . nan lanmou:*

98 Kilè Bondye te chwazi nou? Kilè Bondye te chwazi w ki gen Sentespri a? Kilè Li te chwazi w? Anvan fondasyon mond lan. Gras a prekonseans Li, Li te wè w davans pou konnen ke w t ap renmen L. E anvan te gen yon fondasyon mond lan, Li te chwazi w, e L te voye Jezi pou L te fè ekspyasyon peche w yo, pou mennen w nan rekonsilyasyon, avèk Limenm, poutèt lanmou. O, m swete nou te gen jis kèk minit aplis.

99 Pèmèt mwen, anvan n al pi lwen, tounen, nan Jenèz 1:26. M ap reprann li mèkredi. Lè Bondye te fè lòm . . . Anvan L te fè lòm, Li te rele tèt Li “El,” E-l, El, E-l-h, “Ela,” “Eloyim.” Mo a vle di, nan lang ebre, “ki egzizte pou kont li,” Limenm pou kont li. Anyen pa t egzizte anvan L, li te tout egzistans ki te janm genyen, Sila

ki egziste pa Limenm! El, Ela, Eloyim, vle di “otosifizan, plen pouvwa, Toupwisan, Sila ki egzizte pa Limenm.” O!

<sup>100</sup> Men nan Jenèz 2, lè L te fè lòm, Li te di, “Mwen se,” Y-a-h-u, J-u-v-u-h, *Yaweh*, “Jewova.” Kisa sa te vle di? “Mwen se Sila ki se tout egzistans lan ki te kreye yon bagay apati de Mwen menm, pou l m vin yon pitit gason pou Mwen, oswa yon tanporè, osinon yon amatè, ti piti pa Mwen an.” Glwa! Se kisa? Li te bay lòm. . . *Jewova* vle di sa “Li te pèmèt lòm vin yon dye amatè.” Paske Li se Bondye Papa a, e Li fè yon nonm pou l te yon dye amatè, kidonk Li pa egziste pa Limenm ankò, Li egziste ak fanmi Li. Ela, Ela, Elohim. Bon, kounye a Li se Jewova. *Jewova*, ki vle di, “Sila ki egziste ak fanmi Li.” Kounye a, Bondye te fè lòm pou l te gen predominans sou tout tè a, li te gen dominans. E tè a te sou dominasyon lòm. Èske sa selon Lekriti? Alò si se domèn li, li te dye sou tè a. Li te kab pale, epi sa t ap fèt konsa. Li te kab pwononse *sesi*, e sa t ap fèt konsa. O! Men Li, Bondye, Jewova, Sila a ki te egziste yon lè pa Limenm nan, men kounye a ki egziste avèk fanmi Li, e ti pitit Li yo avèk Li. Men ni.

<sup>101</sup> Kounye a, li sa. Nou pral antre ladann mèkredi swa, lè nou gen plis tan. Nou jis gen apeprè kenz minit ankò epi nou pral. . . Mwen te panse m t ap atenn yon pwèn la, men nou pap gen tan, pou rive kote nou sele pa pwomès Sentespri promès a. Trè byen.

<sup>102</sup> Kounye a, kilè yo te rele nou pou te vin sèvitè Bondye? Kilè yo te rele Orman Neville pou te vin yon sèvitè Bondye? O, la la! Sa a desounen mwen. M pral di w, annou pran kèk Ekriti. Mwen vle w al nan Premye Pyè 1:20. Epi, Pat, pran Apokalips 17:8. E m ap pran Apokalips 13. Kounye a nou vle tandè la, ou vle konn kilè Bondye te rele w pou vin yon Kreyen. O, mwen renmen sa. Sa a, “Lòm pap viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.” Trè byen, Frè Neville, ou jwenn Premye Pyè 1:20. [Frè Neville di, “1:20.”—Editè a.] Ebyen, li 1:19 epi 1:20. Koute sa a. [“1:19 e 20.”] Wi.

*[Men, avèk san presye Kris la, tankou yon ti mouton san ankenn defo ni tach:]*

*[Ki vrèman vre te òdone davans anvan fondasyon mond lan, epi te manifeste nan dènye tan sa yo pou nou.]*

<sup>103</sup> Kilè Li te preòdone? Anvan fondasyon mond lan. Frè Pat, li Apokalips 17:8 pou mwen.

*[Bèt ou te wè a, epi pa la; epi ki pral monte sot nan labim, epi fè wout li nan lapèdisyon: e sila ki rete sou tè a pral sezi, sa ke non yo pa t ekri nan liv lavi a depi fondasyon mond lan, lè yo wè bèt ki te la, ki pa la, e ki la ankò.]*

<sup>104</sup> Kimoun ki pral sedwi? Kimoun ke pèsonaj relijye sa a pral sedwi tankou sa te fèt pou Sòl la? Sa te jis sitèlman malen epi sitèlman pafè ke li t ap sedwi kisa? Menm E- . . .



[Kongregasyon an di, “Eli.”—Editè a.] si . . . [“posib.”] si posibil. Trè byen, Apokalips 13:8, kite m li l pou ou:

*Epi tout moun ki ret sou tè a va . . . tout moun ki rete sou tè a pral adore li, sila ke non yo pa t ekri nan liv lavi ti Ayo ki te imole anvan fondasyon monn nan.*

<sup>105</sup> Kilè yo te met non nou nan Liv Lavi Ayo a? Lè yo te touye Ayo a anvan fondasyon mond lan. Lè Bondye te Jewova, El, Ela, Eloyim, Sila a ki te egziste pou kont Li a. Jis tankou yon gwo tonton Dyaman, e Li pa t kab anyen lòt, men anndan Dyaman sa a atribi L se te yon Sovè. Nan atribi sa yo, anndan Li, te gen yon Gerisè. Ebyen, pa t gen anyen pou sove ak anyen pou geri, men atribi L yo te pwodwi sa. Kidonk, alò anvan fondasyon mond lan, lè L te konsyan, ke se te gwo manifestasyon pa L la, ke L t ap vin yon Sovè, ke L t ap vini pou fè L chè epi abite pami nou, e Li te konnen ak mak sou kò L yo nou t ap geri, Li te touye Ayo a nan Liv pa L anvan fondasyon mond lan, pou te ekri non w nan Liv sa anvan fondasyon monn nan. O!

<sup>106</sup> Koute Sa a! Predestinasyon vire gade dèyè sou presyans, mwen vle di eleksyon. Eleksyon vire gade dèyè sou presyans, e predestinasyon panche sou desten. Pa bliye sa, eleksyon sa vire gade dèyè la, men li, “Mwen te yon pikan chadon. Mwen te fèt nan peche, pran fòm nan inikite, te vin nan mond lan ap bay manti, te fèt pami pechè. Papa m ak manman m ak tout fanmi m nèt, se pechè. Mwen te yon pikan chadon. Men, toudenkou, mwen vin tounen yon grenn ble. Kijan sa te rive?” Sa, kisa sa ye? Eleksyon. Bondye, anvan fondasyon mond lan, te chwazi pikan chadon sa pou vin yon grenn ble. “Kounye a mwen konnen ke m se yon grenn ble, paske mwen sove. Kouman m fè sa?” Vire gad dèyè pou wè ke Li te predestine sa, sa fè lontan. Gras ak presyans Li te wè mwen t ap renmen L, se konsa Li te fè yon ekspyasyon atravè pwòp Pitit Li, ke atravè Limenm m te ka pase de yon pikan chadon a yon grenn ble. “Bon, ki kote m ye kounye a?” Mwen sove, m ap mache nan gras Bondye. “A kisa predestinasyon gade?” A desten. “Ki kote L pral mennen m, epi ki kote m prale?” Amèn. Sa met men sou ou. Men ni.

<sup>107</sup> Kounye a, annou li jis yon ti kras pi lwen, epi apres a nou pral fini ase rapidman.

*Dapre jan Li . . . te chwazi nou nan li anvan fondasyon mond lan, ke n ta dwe sen . . . san blam devan Li nan lanmou:*

*Li te predestine nou pou adopsyon an, te predestine nou pou adopsyon pitit yo atravè Jezikri pou limenm, selon bon plèzi volonte Li,*

<sup>108</sup> Kisa L te fè? Limenm, pa prekonnesans, Li te wè nou davans, konsyan ke Li te yon Sovè, ki te egziste pou kont li. Pa t gen okenn Zanj, anyen menm; jis Bondye, Ela, Eloyim, Sila ki egziste poukont li a, anyen ke Limenm sèl. Men nan Li te gen yon Sovè.

Ebyen, kisa Li pral sove, pa gen anyen ki te pèdi? Konsyan de sa, alò Li te konnen ke kokenn atribi sa a ki nan Li t ap pwojite yon bagay byen lwen ke L te ka sove. Apresa lè sa te fèt, pa presyans Li te gade anba a e Li te wè chak moun ki t ap aksepte Sa. E alò poutèt sa fèt, Li te di, “Pou sove sa, sèl fason Mwen ka fè l, se desann Mwenmenm epi vin lachè pou pran peche lòm sou Limenm, epi mouri pou li, pou M ka vin Sila ke yo adore a,” paske Li se Bondye, objè adorasyon an.

<sup>109</sup> Apresa Li te desann epi te pran chay la Limenm. Epi pandan L t ap fè sa, Li te fè sa pou L te ka sove w oumenm ki te vle sove. Ou wè sa m vle di? Pa prekonnesans, Bondye enfini an, Ki te konn tout bagay, te wè Ayo a, e Li te sakrifye Ayo a anvan fondasyon mond lan, epi Li te mete non w nan Liv Lavi Ayo a. Apresa Li te wè tout sediksyon Satan, kisa l t ap fè. Konsa Li te mete non w la. Epi Li te di ke antikris la t ap tèlman relijye, tèlman briyan, yon kanmarad tèlman de byen, yon nonm tèlman entelijan, yon nonm tèlman relijye, ke li t ap sedwi menm Eli a si l te posibil. Men li enposib, paske non yo te preòdone anvan fondasyon mond lan. Pa eleksyon Li te chwazi yo, e pa predestinasyon yo konn ki kote yo prale. Men ni.

<sup>110</sup> Kounye a, kimoun ki ka doute de sa? Se sa Pòl te di. Sa se Ekriti ki vin de Pòl. Sa se sa ke Pòl ekri. Se sa l te anseye legliz li. Legliz la, nan pozisyon l, anvan fondasyon mond lan. Lè Bondye, nan doulè travay pa L, t ap bay nesans, t ap ba w nesans, konsyan de sa w t ap fè, Li te mete w an pozisyon nan Pwòp Kò Li, pou w vin yon moun k ap fè mennaj kay, pou vin yon kiltivatè, pou vin yon predikatè, pou vin yon pwofèt, pou vin *sesi* oswa pou vin *sela*. Li te mete w nan pozisyon w. Apresa lè n te soti nan lay peyi Lejip, atravè sanktifikasyon, epi te batize nan latè pwomiz . . . Paske, pwomès Bondye se Sentespri a. Efezyen 4:30 di: “Pa atriste Sentespri Bondye a ke yo te pran pou sele nou jouk jou redanmsyon nou.” Apresa Bondye, te predestine legliz, Li te di, “Epi tout pèp yo, pral gen dè milyon fwa milyon moun ki pral mache trè relijye epi ki ap sedwi.” Sèl moun ki pap sedwi se moun ki va reyisi antre nan latè pwomiz, sila yo ki anvan fondasyon mond lan te gen non yo enskri nan Liv Lavi Ayo a, e ki te reyisi antre nan latè pwomiz, pou ap rejwi yo.

<sup>111</sup> Anpil moun pè ke w pral ajì dwòl. Anpil moun pè ke Sentespri a fè w fè yon bagay ou—ou pral wont devan moun. Anpil moun pè ke yo pral kriye, ke mennaj yo pral wè yo ap kriye, oswa manman, oswa vwazen, oswa bòs ou pral wè w.

<sup>112</sup> Kite m pale w de yon nonm yon fwa, anvan m fini. Te gen yon nonm yo te rele David, lè ach Bondye a te anba nan peyi Filistin yo, epi l te travèse, te rale lach la, vye towò bèf t ap rale yo, lè David te wè lach sa a ap vini, li te gen yon ti rad òdinè sou li, li te kouri soti la, li te voye pye l anlè, e li t ap sote ponpe toupatou, pou ap rele fò epi sote, epi danse epi sote danse. E, limenm, wa peyi Izrayèl la! E madanm li te gade deyò a nan fenèt la pou l te

wè l ap aji tèlman etranj, manzè te meprize l. Enben, li te dwe di, “Enbesil la! Gade l anba la, jan l ap aji a, ap voye pye l anlè, epi ap sote toupatou pou ap konpòte l konsa. Bon, li dwe vin fou!” E jou swa sa lè l te antre, manzè te di, nan mo tankou sa a, “Poukisa, ou te fè m wont. Poukisa, ou menm, wa a, mari m, te deyò a la t ap aji konsa, t ap konpòte w konsa!”

113 David te reponn : “Demen M ap fè pi plis ke sa. Wi mesye!” Li te di, “Èske w pa konnen m t ap danse pou Seyè a?” Li te travèse! Li te nan latè pwomiz. Li te pèdi tout prestij ak salte mond lan. Li te tèlman kontan konnen ke lach la t ap antre nan pwòp vil pa li.

114 E, o, m ap di nou, gen moun ki pè resevwa Sentespri a, ki pè yo ka pale an lang. Yo pè ke yon moun ta di, “Kounye a, li se youn nan sa k ap pale an lang yo.” Yo pè vin legliz pou yo batize nan Non Jezikri, poutèt yo wont Li. En! O!

115 Yon moun te di m pral oblije rantre kasèt mwen yo, poutèt mwen te preche pou batize nan Non Jezikri. M pap rantre yo. M ap fè pi plis! Se vre, sa, m ap fè plis! Sa a se Bib la. Si yo pa renmen sa n te fè yè, jis siveye sa n pral fè demen! Se bagay sa a pou nou fè, ou wè, jis kontinye avanse. Sa pa gen okenn fen, paske sa vin de Seyè a. Se Bondye.

116 Ou konn sa Bondye te fè? Bondye te gade anba a depi nan Syèl la, Li te di, “David, ou se yon nonm selon Pwòp kè Mwen.” David pa t wont. Li te yon sèvitè Seyè a. Li te renmen Seyè a. E li te tèlman kontan, tèlman debòde ak lajwa, nan pwen ke l pa t okipe l de prestij lòm.

117 Ou wè, jan m te di nan mesaj mwen an maten an, nou tèlman pè, ke, nou vle yon Sayil pou anseye nou, nou vle yon Sayil ki sot nan kèk semèn pou ap di nou kijan nou dwe pratike relijyon nou an epi kijan nou dwe fè sa. Sa se te lòt kote rivyè Jouden an. Kote isit la, Sentespri a ap dirije. Bò isit la ou soti nan labou sa. Bò isit la ou pa fè ka de sa yo panse. Bò isit la ou mouri, epi lavi w kache nan Kris la. . . epi w sele pa Sentespri a. Ou pa trakase w. W ap viv nan Kanaran. Ou ka sipòte bon mayi. Ou se yon nouvo kreyati nan Jezikri. Ou lye a latè pwomiz.

118 Mwen sonje lè m te kanpe laba, Frè Collins, sa gen anviwon trantan, lè legliz sa a potko bati. Se te yon ti reyinyon nan tant ki te fèt la nan kwen an, premye reyinyon mwen. Mwen t ap preche menm Levanjil sa a, menm bagay la, richès insondab Kris la: batèm dlo nan Non Jezikri, kwè chak Pawòl se Verite a, batèm Sentespri a, Gerizon divin, pwisans Bondye, menm jan m ap preche L kounye a, m pa janm devye yon pous de Li. Bondye te revele m plis Ladann, kidonk, pandan L ap revele L, mwen jis kontinye ap pote L. Li pa janm retire nan sa ki te deja fèt, Li jis kontinye ajoute plis sou Sa.

119 Mwen te kanpe la lè anviwon senksan moun te kanpe bò rivaj yo, ap chante, “Bò toran rivaj Jouden an mwen kanpe, pou yon

voye je ak lespwa, pou wè bèl peyi Kanaran ki bay kè kontan, kote tout byen m yo ye. Kilè m ap rive bò rivaj an sante sa pou m ka beni pou tout tan, kilè m ap rive pou m rete ak Papa m . . . epi repoze m pou tout tan?” Lè yo te kòmanse ap chante sa, Mwen t ap mennen yon ti jènòm nan rivyè a pou batize l la nan Non Seyè Jezi a. M te di, “Papa nou ki nan Syèl la, pandan m ap mennen ti jènòm sa ba Ou sou baz konfesyon l . . .” M te jis yon ti gason, mwenmenm, m gen foto yo lakay. M te di, “Lè m batize l nan dlo a, Seyè, sou baz konfesyon li, nan Non Jezikri, Piti Bondye a, Ou va ranpli l ak Sentespri a.” E nan moman sa a yon Bagay te pwovoke yon toubiyon, e men Li ki t ap desann nan toubiyon an, Etwal Maten byen Klere a te kanpe la. Men Limyè sa ke w w ap gade drèt la sou foto a ki te kanpe. La Li te kanpe.

<sup>120</sup> Li te fè letou di mond, monte nèt al Kanada e toutotou. Yo te di, “Yon Limyè mistik te parèt sou yon minis Batis lokal pandan l t ap batize.”

<sup>121</sup> Sa gen kèk jou, lè Doktè Lamsa te vin kote m, li pa t janm konn anyen sou sa, li te pote yon foto ban mwen, ke frè a gen la kounye a avè l. Eske w gen foto sa? Èske w gen Bib la avè w, pose la, li ladan liv ou a? Se byen. Te gen yon foto ansyen siy Ebre Bondye a, jis egzaktaman sa ki te egziste nan epòk Jòb la, anvan Bib la te menm ekri. Bondye nan twa atribi L yo, pa twa bondye. Yon sèl Bondye nan twa atribi: Pè, Fis, ak Sentespri, twa fonksyon ke Bondye travay ladan yo. Pa twa dye, pa twa atribi! E men sa L te ye. Lè grantòm sa, Doktè Lamsa, responsab tradiksyon Bib Lamsa a, lè l te di jou maten sa . . . Lè m te di l sa, m te di—m te di, “Ki siy sa?”

<sup>122</sup> Li te reponn, “Sa se ansyen siy Bondye a, nan lang Ebre. Bondye, yon sèl Bondye nan twa atribi.”

M te di, “Tankou Pè, Fis, ak Sentespri?”

<sup>123</sup> Li te estope, pou depoze tas kafe l la, li te gade m. Gene, mwen kwè w te la, Leo. Li te di, “Ou kwè sa?”

Mwen te di, “Ak tout kè m.”

<sup>124</sup> Li te di, “Yè swa, lè m te kanpe nan reyinyon w lan, Frè Branham, mwen te wè disènman sa. M pa t janm wè sa anvan an Amerik, nan peyi m nan.” Li te di, “Ameriken sa yo pa menm konn Bib la. Sèl bagay yo konnen se denominasyon yo. Yo pa menm konn kote yo kanpe.” Li te di, “Yo pa konn anyen.” Li te di, “Men lè m te kanpe la yè swa,” li di, “Mwen te di . . .” Kounye a, Frè Gene, mwen jis di sa ak respè ak lanmou e tou sa. Li di, “Mwen te di, ‘Se dwe yon pwofèt.’ Men lè m wè ke w kwè Pè, Fis e Sentespri pa t twa dye, se te atribi, lè sa m te konnen ou se yon pwofèt Bondye, osinon sa pa t ap revele a oumenm jan sa.” Li te di, “Sa se yon siy pafè.” Li te di, “Mwen pa t janm . . .” Li te di, “Ou pa Inité?”

125 Mwen te reponn, “Non, mesye. Mwen pa yon Initè. Mwen kwè nan Bondye ki se Bondye Toupwisan an, e twa atribi yo se sèlman twa fonksyon kote sèl Bondye a t ap viv.”

126 Li te di, “Ke kè w beni!” Li te di, “Yon jou ou va vèse san w sou tè a pou sa, men,” li te di, “pwofèt yo toujou mouri pou kòz yo.”

127 Apresa m te di, “Alò ke sa fèt, si sa fè Seyè m nan plezi.” Responsab tradiksyon Bib Lamsa a.

128 O, se sitèlman vre. Konbyen de fwa, jan m di legliz sa a, tankou Samyèl te di anvan yo te chwazi Sayil, “Anvan w soti al fè w manb yon denominasyon kounye a, pou retwouve w byen mare nan yon jan de relijyon, poukisa w pa kite Sentespri a gide w?” Poukisa w pa pran Bondye kòm Dirijan w epi kite L beni w, epi bliye denominasyon w lan? Bon, mwen pa di pou w pa fè pati de okenn legliz denominasyon, ou mèt fè pati de nenpòt ou vle a. Se zafè ki gade w. Men m ap di w, antan k endividi, se pou w kite Sentespri a gide w. Li Bib la. E sa Bib la di w fè, fè l. Bondye beni w.

129 Bon kounye a m te ret tann yon bon bout tan. M ap mande m si genyen isit la ki te vle vin nan liy priyè a pou yo priyè pou yo. Si genyen, èske yo taka leve men yo. Jis youn, de, twa. Trè byen. Nou tout mèt vin drèt anwo a la epi kanpe la apresa si nou vle, nan moman sa a, epi—epi nou pral lapriyè. E answit nou. . . M pa vle w deja ale. Mwen vle ofisyèlman fè yon lòt bagay isit la jis anvan nou—nou klotire.

130 Konbyen moun ki renmen etid Liv Galat la. . . o, mwen vle di Efezyen? Ebyen, mèkredi swa, nou pral antre nan So yo. E answit dimanch maten pwochen, nou pral antre nan plase legliz la nan pozisyon l. O, si. . . nou pral pwobableman antre nan sa, mèkredi swa sa a k ap vini an, pou noumenm moun ki isit la nan Jeff. Plase legliz la nan pozisyon kote pou l ye, yo chak. Jan yo te rele nou pa adopsyon. Bondye te adopte nou pou vin pitit Li, nou se pitit pa nesans. Nou te adopte epi plase nan pozisyon nou pa Sentespri a. Gade! Yo tout te Èbre, lè yo te janbe lòtbò rivyè a, men Jozye te separe peyi a e l te bay chak moun tè pa l dapre sa manman l te deklare lè li t ap bay nesans, kote Sentespri a te di manman an.

131 Gad Jakòb lè l t ap mouri, yon pwofèt, avèg, ki t ap repoze l nan kabann lan, li te di, “Vini non noumenm pitit Jakòb yo e m va di nou ki kote nou va ye nan dènye jou a.” Glwa! O, mwen konnen m ka sanble m etranj. Moun yo ka sanble yo etranj. Men, o, si sèlman ou te konnen asirans lan—lan, bril—brilman nan kè a! “Vini non e m va di w ki kote w ap ye nan dènye jou yo.” Epi m ka pran menm Ekriti sa, epi pran kat jewografi a kote Jwif yo plase jodi a pou pwouve w ke yo egzaktman menm kote Jakòb te di yo t ap ye nan dènye jou a. Epi yo pa t janm te, la, yo pa t nan plas sa jiskaske yo te retounen depi sèt me, 1946, nan lannwit

Zanj Seyè a te parèt devan m anwo laba pou te di m konsènan misyon sa a. E m ka montre w sa, lè yo te tounen nan nouvo peyi a, yo te tonbe egzakteman nan pozisyon kote Jakòb te di yo t ap plase a. E se la yo plase jodi a. O, o, la la, o, la la! Nou a yon jounen pi pre Lakay, se tou.

<sup>132</sup> Noumenm moun pa m yo, ou malad, sinon ou pa t ap kanpe la jis pou kanpe. Mwen se frè w. Mwen gen yon komisyon ki vin de Bondye pou priye pou moun malad. Pa kòm si mwen. . . kòm si mwen gen pouvwa pou geri, m pa genyen l. Men mwen gen pouvwa lapriyè. Jan m te di maten an, David pa t gen anyen lòt ke yon ti fistibal, men li te di, “Mwen konnen kisa l pral fè ak pouvwa Bondye ladann.” Ou wè? Mwen sèlman gen yon ti priyè pou ofri pou ou, ak men m yo pou poze sou ou, men mwen konnen kisa lafwa nan Bondye pral fè. Sa te fèt pou lòt moun, sa va fèt pou ou. Se pou w kwè sa kounye a pandan w ap apwoche w, jis yon tikras pi pre plas la.

<sup>133</sup> Kounye a, m ap mande m, pou rann sa vrèman efikas, si m pa ta mande frè m pou vin la epi wenn yo ak lwil. Èske w vle fè sa, Frè Neville? Mwen pral mande legliz la si yo vle koube yo pou lapriyè.

<sup>134</sup> Kounye a sonje, semèn pase a lè m te sitèlman malad ak vye lwil derisen sa, Mwen t ap jis bay nenpòt bagay la si yon moun ta vini pou poze men sou mwen. Si m te kab gen yon moun ki vini, ke Bondye te beni epi ede, mwen t ap tèlman apresye sa. Nou tout nou santi kounye a jan m te santi m lè sa. Ou santi w kounye a ke w ta vle m fè jis tankou m te vle yon moun fè pou mwen lè sa. Mande Bondye padon pou m ta janm kouri pou travay la. Kite m toujou, ke m fatige, ke m san fòs, ke m apèn ka bouje yon pye devan lòt la, kite m ale, paske mwen pral rankontre chak nan nou ankò, nan Peyi sa laba.

<sup>135</sup> Lè sa noumenm fanm aje yo, mesye aje yo, ki tou dekouraje, cheve blanchi k ap tonbe, k ap tonbe an miyèt moso tankou yon flè woz ki te louvri ti boujon li, petal li yo ap detache pou al tonbe lwen, w ap jis vin an miyèt moso, pa vre? Se vre. Jis. . . Epi sèl bagay kifè ou vle rete annantye se pou ap briye pou glwa Bondye. Kidonk lè lènmi an met men sou ou kounye a pou met deyò, m ap vini ak fistibal Bondye a, ak lafwa, ak yon don ke Bondye ban mwen. Men sa m te di, pou w va konprann li. Mwen te di, “Si Pyè ta jis antre la, oswa kèk nan yo.” Piga w di sa. Ou pa bezwen priye pou mwen. Jis antre la konsa, epi di, tankou fanm sa a, di, “Èske w se Sè *Entèl-entèl*?” Kijan w rele? Sè Howard. Di mwen, “Ou se Sè Howard. Ou se yon kwayan, Sè Howard? Ou kwè. Ou se yon kwayan. Lè sa, ou wè, ou gen dwa a tout benediksyon nan redanmsyon yo.” Answit mwen ta di, “Sè Howard, tout bagay pral byen ale,” epi m al fè wout mwen. O, kouman. . . m te di, “M t ap kriye fò, mwen t ap rele.” M t ap di, “Seyè, sa te jis dwe fèt. Sa jis dwe fèt.”

136 E m te panse, “Ebyen, moun yo panse menm bagay la lè m vin priye pou yo.” Kidonk, se bagay la sa. Ou wè sa m vle di a?

137 Apresa m te konn kanpe, plizyè fwa, pou pran moun yo, epi di, “O, presye sè m, èske w pral kwè Sa? O, èske w pral kwè Sa?” “Seyè, O Bondye, fè yo kwè Sa. Fè yo kwè Sa.” “O, tanpri, èske w ap aksepte Sa kounye a?” Se pa konsa. Mwen te pase a yon lòt chapit. Mwen te kite sa lwen dèyè.

M konn jis di sa, “Sè Howard, ou se yon kwayan?”

“Wi, mwen se sa.”

138 “Dakò, Sè Howard, si w se yon kwayan, ou se eritye tout sa Bondye genyen.” E m konn jis pran men l. Ou wè, mwen kwè sa. Mwen kontakte Sè Howard lè m poze men m sou li. Jezi pa t janm di “priye pou yo,” Li te di, “Jis poze men pa yo sou yo.” Se fini, apresa, li te geri. Li ka di, “Tout bagay pral trè byen,” Sè Howard. Answit ou ka al lakay ou epi w ap fè mye. Bondye beni w.

139 Ou se Sè . . . [Sè a di, “Hampton.”—Editè a.] Sè Hampton, ou se yon kwayan, pa vre? [“Mwen se sa.”] Ou se yon eritye tout sa Li te ofri. Ke Bondye ka avèk ou, Sè Hampton. Al lakay ou epi jwenn gerizon w kounye a. Jezikri ap geri w.

140 Ou se Sè . . . [Yon frè di, “Slaughter.”—Editè a.] Slaughter. Se sa . . . Ou se sila ke nou te priye pou li nan lopital la. Ou se yon kwayan, alòs, Sè Slaughter, yon eritye pou tout sa n ap mande. Sè Slaughter, se pou w resevwa sa w te mande a, epi jwen gerizon w. Bondye ap akòde w li.

141 Frè Gene, ou kwè ke Bondye pral ba ou l? [Frè Gene di, “Wi mesye. Wi mesye.”—Editè a.] Ebyen ke Seyè Bondye a ba ou l, Gene, egzakteman sa w ap mande a! . . . ? . . .

142 Mwen konnen w. [Sè a ap pale—Editè a.] Ou se yon kwayan, sè. Mwen konnen w. Sa a se mari w ki la. Se pou limenm mwen te priye nan telefòn nan jou sa. Mwen toujou sonje sa. Li pa t kab al nan reyinyon Tulsa a. Li vin nan reyinyon an. Epi Seyè a te geri l, te voye l nan reyinyon an. Nan zafè pwokirasyon ou reprezante yon lòt moun tankou. [“Neve mwen.”] Ala sa koresponn a zafè Kreyen, sè! Ou wè? Li te gen prokirasyon tou, Li te reprezante nou tout. Ou se yon kwayan e ou gen dwa a tout sa Bondye te pwomèt. Mwen se sèvitè l. Epi nan Non Jezikri, mwen ba w sa w mande a.

143 Vini non, frè Neil. Bondye beni w. Li te bon tout bon pou ou. Ou se yon kwayan. Mwen konnen ou se sa. Mwen kwè ke Bondye ap ba w tout sa w mande, paske w se yon kwayan. E antanke sèvitè L, pou oumenm, frè mwen, nan Non Jezikri, mwen ba ou dezi kè w. Ale epi resevwa l. Bondye beni w.

144 Sè Bruce, mwen konnen w. Ti enfimye ki te fwote do m nan m te konnen w. Li soti anba la toupre Motel JJ, Twin J, oswa yon bagay konsa. Ou pral reprezante lòt moun. E ki sa dezi w ye pou Papa w aswè a? [Sè Bruce di, “Se pou mwenmwen, aswè a.”—

Editè a.] Se pou oumenm, aswè a. [Sè Bruce pale ankò.] La, lènmi an te lanse w lwen kote doktè gen aksè, men m ap vin chache w, ak yon fistibal. E nan Non Jezikri, mwen dirije flèch fistibal la sou pyè nan ren yo ki nan yon kondisyon bloke. Sa pral mennen w tounen jwenn Bondye, nan kay Li.

Nou adrese W, nan Non Jezikri. Amèn.

145 Eske w se papa mesye sa a, mesye? Èske w se yon kwayan? [Frè a ap pale—Editè a.] Yon èni bò kòt ou; pa anba, sou bò gòch ou. Èske w kwè ke Bondye pral ba ou l, mesye, epi antan ke sèvitè L?

146 Seyè, men sa a petèt te fè anpil jounen travay di. Li vin isit la nan yon bi, pou fè yon bagay. Ba li, dezi kè l, Papa, pandan m ap priye nan Non Jezi ke W ap fè l. Amèn.

147 Pa doute. Èni sa pral sispann fè w mal bò anba la, e ou pral vin byen. Bondye beni w . . . ? . . .

148 [Yon sè di, “Tèt mwen ak gòj mwen fè m mal, kòt mwen fè m mal lè m touse. Mwen pa ka chante. Mwen paka fè anyen. Mwen . . . ? . . . E m paka dòmi byen. M pa menm ka fè anyen.”—Editè a.] Ou se yon kwayan, pa vre? [“Mwen se sa. Mwen ranpli ak Sentespri a.”] Ou se yon kwayan. [“Mwen konnen ke Bondye abite anndan an.”] Epi ou se yon—ou se yon eritye tout benediksyon sa yo. [“Mwen konnen. E mwen kwè. Mwen kwè nan priyè w yo, Frè Branham. Mwen kwè ke Bondye pral geri m. Mwen kwè ke Li reponn priyè ou.”] Mèsi.

149 Papa, mwen mennen sa a, sè m nan, nan liy dife a, nan sant objektif la. E mwen mennen l tounen ba ou, soti nan anbreyaj lènmi an, nan Non Jezikri. Amèn.

150 Se jis fason sa sa pral ye.

151 [Yon sè di, “. . . ? . . . Mwen gen yon poumon ki t ap mouri e youn ki te mouri.”—Ed.] Nan yon operasyon poumon.

152 O Seyè, alòske jèn fi sa a kanpe la, ankò nan fòs jènès li, mwen priye pou li. Ak yon poumon ke yo ta dwe retire, pou l ta rete koube, restan vi li. Ou se Papa nou, e m dirije zam lapriyè a dwat sou li, Seyè, toudwat sou poumon sa a. Mwen voye priyè sa a nan Non Jezikri. Se pou l frape poumon sa a epi geri li. Nan Non Jezikri, mwen mande sa. Amèn.

153 Ou se Sè . . . [Sè a di, “Sè Gibbs.”—Editè a.] Sè Gibbs. [“Dèyè tèt mwen, mwen gen yon doulè pèsistan dèyè a la.”] Dèyè tèt ou, yon doulè pèsistan. Ou se yon kwayan epi yon eritye tout benediksyon Bondye yo, Sè Gibbs.

154 Seyè, mwen mennen l ba Ou, avèk ti fistibal sa Ou ban mwen an, menm jan W te bay David yon fistibal pou veye sou mouton papa l yo. E si lènmi an antre vin dèyè mouton an, li pa t pè. Li te rale ti fistibal sa epi te kouri touswit dèyè lyon ak—ak lous yo, epi li te mennen brebi a tounen. Sa a se priyè lafwa. Ou te di m si m ta rive “fè moun yo kwè epi vin sensè.” Mwen mennen



Sè Gert tounen aswè a. Mwen rache l nan men lènmi an. Li se brebi pa W. Mwen mennen l tounen nan patiraj Papa a, nan Non Jezikri. Amèn.

155 [Yon sè di, “Sè Lowe.”—Editè a.] Sè Lowe. [“Mwen gen tansyon.”] Tansyon wo. E w se yon kwayan, se vre, Sè Lowe? Yon eritye tout benediksyon an.

156 Alò, Bondye Papa, mwen dirije priyè sa a aswè a, tankou l sot nan fistibal Bondye, pou pwoblèm tansyon wo Sè Lowe a. E se pou pwochèn fwa ke doktè a pran tansyon an, se pou l gade manzè epi di, “Li nòm al kounye a.” Li pral konn sa k te fè sa. Nan Non Jezikri, mwen ba li l. Amèn.

157 [Yon frè ap pale ak Frè Branham—Editè a.] Wi. Mwen swete m te gen papa m isit la aswè a, mwen t ap ka priye pou li kounye a la. Mwen pral fè l pou pa nou yo, tou. Mwen konprann.

158 Papa nou ki nan Syèl la, nonm ki te fè pitit gason sa a, pou vin isit la sou tè a aswè a gras a limenm. Epi pwòp dezi pitit gason l lan se pou papa l tounen; soti lwen nan mond peche, alkalik. O Seyè, mwen voye priyè sa a ak lafwa epi fòs, epi tou sa mwen ka voye l, ti wòch sa a, nan Non Seyè Jezi. Mwen voye l sou dyab sa ki fè bagay sa kwense laba. Epi se pou l ale. E se pou l vini an sekirite nan patiraj la, nan Non Jezi. Amèn.

159 [Yon frè di, “Priye pou mwen, Frè Branham, pou m jwenn Sentespri a. Mwen vle resevwa Sentespri a. Mwen oblije. Mwen gen yon dezi. Mwen dwe resevwa Sentespri a.”] Ou gen yon dezi pou resevwa L. Ou vle antre nan Peyi kote tout pwomès yo ye a. [“Wi.”]

160 E kounye a, Seyè, ti gason sa a jis lòtbò larivyè a, kanpe sou lòtbò a, e larivyè Jouden an ap gonfle. E pa gen okenn fason pou l travèse ekseptè si W fè yon fason tankou W te fè pou Jozye e pou pèp Izrayèl la. Epi, Papa, m ap mande W, antanke sèvitè W, pèmèt ke presye frè nou, O Bondye, pèmèt li antre nan Latè pwomiz sa a, pwomès sa a. ke, sou lòtbò a, jan m te pote l avan yèswa a, se pou m gen privilèj pou m rale l epi pase bra m toutotou l, nan lòt Peyi sa, pou ap di, “Presye Frè m nan.” Akòde l, Seyè. Se pou li resevwa pwomès Bondye a, Sentespri a. Amèn.

161 O Seyè, pou byenveyan frè pa m, sila a; men sa a ki te janti avè m, epi ki te fè anpil bagay pou mwen, ke moun pa t konnen. Li kwè epi li gen lafwa. E kounye a yon lènmi ap eseye rale zanmi m, sa a: ak dyabèt. E li panse ke li—li ka pran ti nonm sa a. Men m vin dèyè l. M ap vini, pou m mennen tounen sa k pou Ou Yo, Seyè, pou ap vize wòch sa a dirèk ak lafwa. Nan Non Jezikri m frape dyabèt sik sa! . . . ? . . . frè mwen. Pote tounen Pwòp mouton pa W la nan patiraj la, Papa, nan Non Jezi. Amèn.

[Sè Bell ap pale ak Frè Branham—Editè a.]

162 O Seyè, sè nou an konnen ke zafè obezite sa a se, dapre sa doktè a di, se bagay k ap touye a. “Chak liv, pwa anplis, se yon

lane anmwens,” dapre kalandriye konpayi asirans yo. E li vle viv pou lonè ak louwanj Bondye. E pa gen okenn doktè ki ka fè sa, Papa Bondye. Sa jis nan—nan men W. Epi Sè Bell te trè fidèl. E li te janti epi konsekan nan eprèv yo, lè l ap travèse yo. Li te pase anpil gwo eprèv. Mwen vini pou limenm aswè a, Seyè. Mwen vin pou rankontre lènmi sa laba. Mwen vize ak tout presizyon ke m kapab. Nan Non Jezikri m lanse wòch lafwa sa a sou lènmi sa a ki met men sou li a. Se pou l epapiye l, e pou fè l kouri kite manzè, konsa li pral kapab retounen nan patiraj vèt nan lombraj ak dlo trankil, a travè Jezikri. Amèn.

Sa ap fèt, Sè Bell. Jis pa doute.

163 Sè Spencer. [Sè Spencer di, “Frè, Frè Bill, mwen renmen Seyè a pi plis chak jou nan lavi m. E pitou sa fè ventan ke m ap vin isit la, nan plas sa a. E m te geri de prèske tout bagay ki te toujou ap ban m pwoblèm. Ou sonje tou sa, epi . . . ? . . .”—Editè a.] Se sèten ke m sonje, sè . . . ? . . . [“Epi Li te tèlman beni m! E mwen renmen L pi plis, chak jou nan lavi m. Mwen konnen m ap mennen yon bèl vi nan Seyè a.”] Mwen kwè sa, Sè Spencer. [“Mwen kontan. Mwen kontan! Si sa a se pa Sentespri a mwen genyen, mwen—mwen toujou devan lotèl la pou tout sa Li gen pou mwen, e m ap mouri sou lotèl la.”] Amèn. [“Se sa mwen vle L fè epi m t ap mouri sou lotèl la ak Jezi.”] Amèn. Bondye beni w . . . ? . . . Amèn. [“Epi mwen pral di w kisa m vle w fè. Ou konnen, Noye te pran tout fanmi l nèt avè l, e mwen vle tout fanmi m nèt. Ou konnen mwen vle moun ke m renmen yo sove.”] Mwen konprann. Timoun ou yo. Se sa. [“. . . ? . . . timoun mwen yo.”] Wi, madam. [“Ak mari m.”] Wi, mesye, mwen . . . [“Kòm ou konn tout bagay sou sa.”] Wi. [“Ou te priye pou nou.”]

164 Nou tout abitye ak Sè Spencer, e nou konnen kijan li menm ak Frè Jess te pèsèvere nan difikilte, sof lè yo te konn desann vin nan legliz la isit la. Lè m va travèse lòtbò a, yo pap gen pou mache fason sa a. Yo va jèn. O! Frè Jess, si m te jis . . . ? . . . ou konnen. E alò nou tout konnen kouman, jis—jis travèse ti . . . ? . . . laba, ou pral tounen bèl jèn fi sa ankò, epi Frè Jess jèn ap tounen yon jèn gason. Bondye te fè w pwomès.

165 Kounye a, gade. Mwen vle ba w jis yon ti ansèyman toupiti, poutèt ou se dènye a la, mwen vle ba ou l.

166 Paske, mwen konnen sa a se ti pitit gason w, Charlie. Ou vle pou yo priye pou li? [Frè Charlie di, “Wi.”—Editè a.]

167 Mwen vle di sèl bagay sa a. Èske w te janm li nan Ekriti a kote Bib la te di sa a? Pòl te di Santiryon Women an.

Nou ka tande m byen? [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.]

168 Li te di Women an, lè l te rale epe li, pou touye tèt li, anwo a nan rejyon Filip la lè l te nan prizon. E tranbleman tè a te sekwe prizon an. Li te di, “Kwè nan Seyè Jezikri, epi ou menm ak fanmi w va sove.” Ou te janm tande sa? “Ou menm ak kay ou.” Kounye

a, gade. Si w gen ase fwa pou sove tèt ou, èske w pa ka gen ase fwa tou pou kay ou? Bondye, nan yon fason kèlkonk, ap fè l.

<sup>169</sup> Bon, Seyè, m priye pou Sè Spencer ak Frè Spencer, aswè a, pou ke chak timoun, yomenm ak pitit yo, yo tout va nan Peyi gloriye sa, ak kè kontan kote k pap gen okenn maladi ou okenn vyeyès, okenn tristès oswa desepsyon, epi tout ti lavi sa a la pral fennen pou vin yon kochma k ap pase. Se pou yo resevwa sa, epi se pou tout pitit li yo, ak mari l, tout moun li renmen yo, ak tout moun ki renmen l, epi tout sa li renmen, se pou yo la avèk li, nan Non Jezi. Amèn.

<sup>170</sup> [Sè Spencer di, “Amèn. Mèsi.”—Editè a.] Bondye beni w. [“Mwen pral gen katrevendezan, trè byento.”] Katrevendezan. [“. . .? . . .Men, y ap pèdi fòs, nan laj sa a. Men mwen toujou kwit manje m, lave, ak pase, epi netwaye kay la.”] Menm jan lemonn ap depafini an, Sè Spencer. [“Wi, se vre. Mwen sitèlman fatige, tout tan. Yo konprann sa . . .M te mande manman m, bèlmè mwen, ki te gen katrevendizan, kijan w santi w lè w vin yon vye granmoun, sa fè lontan. Li te di, ‘Rose, petèt ou pral fatige tout tan.’ Mwen fatige.”] Bon, ou jis pare pou al repoze w, ou wè. [“Mwen sitèlman fatige, tout tan. Mwen bezwen repo. Mwen bezwen sa.”] Wi, madam. [“E m vle repoze m nan Seyè a, sou jenou mwen. Tout tan, se tou sa m bezwen.”] Wi. Sèlman kenbe fwa w jis nan Li, Sè Spencer, e ou va travèse. [“Mwen vle mouri sou lotèl la, nan Non Jezi. Se sila ke m ta renmen wè a, toutotan L kontinye ap rele.”] E Li di . . . [“Mwen vle tout sa Li gen pou mwen.”] E jis osi sèten ke m kanpe la fason sa a avèk ou, aswè a, Sè Spencer, ak gras Li m ap wè w ak Jess lòtbò fwontyè a laba, jèn e an sante. Nou tout pral kouri, ap rele, “Frè mwen! Frè mwen!” M ap wè w.

Se nè li yo.

<sup>171</sup> Bondye Papa, ti fi sa a te fè yon depresyon, e medikaman paka fè anyen pou li. Se sèlman limenm, ki nwizans lan. Men mwen vin pou li aswè a. Mwen vin kote W, Papa. Mwen vini, m ap mande W pou w dirije sib ke m oblije, m ap vize a. Se pou sa atenn egzaktaman, vizè sa drèt nan do l. Se pou priyè sa a, nan Non Jezikri, frape nèvozite sa a pou dechire l an miyèt moso, mennen mouton Bondye sa a tounen nan patiraj. Amèn.

Sa jis oblije fèt, cheri.

<sup>172</sup> [Yon sè di, “Jis priye. Mwen gen sis pitit ke M mande Bondye pou geri epi sove.”—Editè a.]

<sup>173</sup> Bondye nan Syèl la, akòde sa, sis pitit li yo ke li vle pou yo sove. Li te tande temwayaj Frè Daulton lan, bèl pitit fi l yo. Li vle sis pitit pa l yo, Papa. Se pou li genyen yo. Se pou yo rankontre l nan Peyi sa kote k pa gen lannwit lan, byen pwoteje e antoure pa san Jezikri pwoteje. Amèn.

Se pou ou genyen yo, sè, se priyè mwen.

[Yon sè ap pale ak Frè Branham—Editè a.]

174 Mwen kwè w. Pa gen anyen, difisilman, ki ka ede sa. Yo ba yo yon ti bagay ki sanble, o, yon bagay tankou asetamin. Se kòtizòn, yo rele l konsa. Sa, sa te touye w, prèske. Li te ravaje san w konsa. Men, gade. Ou wè, atrit la se tankou lyon an ki te pwan rebri a epi sove al lwen. Kounye a, kisa yon fistibal pral fè? O, la la! Men yon gwo lyon, k ap gwonde ak yon ti mouton. E li renmen mouton, kifè li te sove ak mouton an. Men David te pran fistibal la e li te pati dèyè l. Ou wè? Kounye a gade. Li te gen senk wòch: l-a-f-w-a, limenm, n-an. Fistibal li te nan men sa a: J-e-z-i-. Se te yon lanse motèl. Yon bagay dwe rive. Ann al dèyè atrit sa, aswè a, ak priyè sa a. Se pou Bondye ba ou l.

175 [Sè a ap pale ak Frè Branham—Editè a.] Li vle batize nan Non an? [“Non. Non. Li pa t di sa.”] Ou vle l batize. [“Se dezi mwen pou m wè l batize.”] Mèsi, sè. Se pa paske sa se fason an. Se paske. . . Kounye a, si sa te nan Bib la, pou, “Pè, Fis, ak Sentespri,” Mwen—Mwen t ap kwè sa, mwen t ap rete senpleman avè l, sè. Mwen—Mwen pa t ap vle anyen ki diferan. Mwen—Mwen t ap vle menm bagay la. mwen patap kite. . . mwen—mwen pral responsab pou sa, ou wè. E mwen te gen obligasyon pou di l jis fason Sa di l la; pa pou m diferan, men pou m onèt.

176 Kounye a, Papa, nou vini pou moun li renmen yo ki gen atrit, e la li vle pou manzè batize nan Non Seyè Jezi, paske se sa ki antre a. Sa se pòtay ki louvri a. Se la Jozye te louvri yon chemen ki te travèse antre nan latè pwomiz la. Pa t gen de ou twa kote ki te louvri; te gen lis yon sèl.

177 Pyè, jou Pannkot la, lè Legliz la te inogire pou premye fwa, li te louvri yon chemen, li te di, “Repanti chak nan nou epi batize nan Non Jezikri.” Yo pa t janm soti nan menm chemen sa, chak moun te travèse nan Latè pwomiz.

178 Kèk nan yo t ap chache travèse, anba nèt nan yon lòt pas dlo, e Pòl te di li, “Kijan w te batize? Ki kote w t ap eseye travèse la?”

E yo te reponn, “Anba la kote Jan t ap siveye a.”

179 Li te di, “Bon, Jan te sèlman endike tan an, ak kote a.” Apre sa lè yo te tandè sa, yo te batize nan bon pas dlo a. Answit yo te travèse, epi yo te resevwa diven Sentespri an.

180 Bay sè nou an li ak moun li renmen yo, nan Non Jezikri. Amèn.

181 Frè Lyle. [Frè Lyle di, “Mwen kwè ou vrèman gen rezon chèf, Frè Branham.”—Editè a.] O, frè! [“Li te monte. . . ? . . . Ou sonje si te gen nan rèv la, gen yon bagay ki te rive. . . ? . . . Si ou mansyone rèv la, se kòrèk. Se li m te genyen an. Kote, ou te toujou reve ki kòrèk la! . . . ? . . .”] Wi. Sa fè yon ti tan. [“Wi.”] Wi. Mwen byen kontan. . . ? . . . Bondye beni w. Ou nan wout pou Latè pwomiz kounye a! Petèt m va mansyone sa.

182 Konbyen moun ki te janm sonje jis anvan ministè sa a te konfime a mwenmenm, epi m t ap fè lapèch ak yon nonm yon jou, anba nan yon rivyè, lak la? E m t ap pran ti pwason, apres a Sentespri a te desann sou mwen. Te gen yon . . . Nonm sa a se yon Temwen Jewova, se te. Frè L la isit la kèk kote, Banks Wood. Li anndan an la kèk kote, li se vwazen mwen.

183 Sila a se Lyle. E moun sa yo te Temwen Jewova. Epi yo te di, yon jou lè nou t ap fè lapèch anba la, apre ke jèn gason sa a te konvèti, M te di l ke gen yon bagay nan lavi li, ak sa—sa ki te rive, epi tout bagay osijè sa. Ke, li fèk di m kounye a, e li jis te retire sa nan lavi l kounye a, se kòrèk, kèlkeswa sa l te ye a. Se egzaktman sa. Papa l te sila ki te yon—yon lektè. Eske papa w la aswè a, Billy? [Yon frè di, “M pa konnen.”—Editè a.] E limenm ak madanm li, toulède, te batize, pou rann temwayaj nan Non Jezikri, isit la nan pisin lan. Epi nonm sa a te bò kote m, yon jou.

184 Banks, kote w ye? Èske l la aswè a? [Yon frè di, “Jis dèyè a nan kwen dèyè a la.”—Editè a.] Dèyè a nan kwen an. Wi.

185 Epi nou t ap fè lapèch. Epitou, frè, ti gason m nan te touye . . . Mwen kwè l te touye yon ti chat, kèk jou anvan sa. Vyep ti manman chat sa te gen yon pakèt ti bebe chat, li te pran l e li te chape l atè. M te panse . . . Mwen te di, “Seyè a pral resisite lavi yon ti bagay,” jou anvan an. Eske se vre, Lyle? [Frè Lyle Wood di, “Wi.”—Editè a.] Nou te rete nan ti lak la. Apres a m te di, “ENSI DI SEYÈ A.” E nou te peche pwason tout lannwit san pran anyen.

186 Nan demen maten, nou t ap fè lapèch, nou te tounen nan ti lak la, pou pran kèk pwason bluegill. Sa se ti pwason piti. E Frè Lyle te gen yon gwo kanapèch e li te kite yon ti pwason bluegill vale, gwo zen l te genyen an, jiskaske, lè l te rale l soti, ti fil la te desann jouk anba, gwo zen an, nan vant ti pwason bluegill la. E lè l te rale l soti, li jis te oblije rale zantray yo ak tout lòt bagay soti nan ti pwason bluegill la, pou l te pran l. Epi li jis te rale tout bagay deyò, paske gwo zen sa te pran nan vant ti pwason an. E lè l te fè sa, li te jete l anba nan dlo a. E li te jis souke kò l, kat oswa senk fwa, e se te fini, paske zantray ak poumon l yo te pandye soti nan bouch li. E li t ap flote nan viwonn lan pandan apeprè yon demi èdtan, te flote al nan touf raje yo.

187 Apres a m te la, ap peche pwason. E toudenkou, Sentespri a te vini, te di, “Pale ak pwason sa.”

188 M te di, “Ti pwason, Jezikri ba w lavi w ankò.” E ti pwason sa, ki te lonje mouri sou dlo a, te vire sou kote, epi li te ale vroummm, al nan dlo a, jis osi vit ke l te kapab.

189 Frè Lyle ak Frè Wood te temwen la. Frè Lyle te di, “Frè Branham, èske se pou mwen, poutèt m te di vyep ti . . .”

190 Aswè a, èske m ka di yo sa w te di? [Frè Lyle Wood reponn, “Ou kapab sèten. Se kòrèk, Frè Branham.”—Editè a.]

191 Li te di, lè l te rale zantray yo soti deyò, li te jete l lòtbò, li te di, “Ou rann dènye souf ou, ti zanmi,” jis konsa. Li te voye l jete.

Li te di, “Se—se poutèt mwen.”

Après m te di, “Non, Frè Lyle. Se pa t sa.”

192 Frè Banks dèye a la, te di, “Konbyen moun nan mond sa a, konbyen milye moun, ki ta renmen kanpe kote nou ye kounye kounye a, pou yo temwen pouvwa Bondye desann pou fè yon bagay konsa!” Nan lòt mo, li ta renmen . . .

193 Mwen kwè ke nou tout te santi nou tankou Pyè, “Li byen pou nou isit la. Annou bati twa tabènak.” Ou wè? Se vre.

194 Kounye a, Frè Lyle, ou wenn ak Sentespri kounye a. Ou te kite peyi Lejip. Po lay ak salte mond lan te rete dèye. Ou kanpe sou bò larivyè Jouden an kounye a, senpleman travèse lòtbò a. Se pou Bondye fè w travèse; Lyle.

195 Bondye ki Toupwisan an, men twofe W la. Se sèten li te nan yon sitiyasyon terib, Seyè, men kè m te avè l. Priyè nou te jis frape van frèt k ap soufle laba, e bagay la menm ki te kenbe l la te soti kite l. Sa te kraze. Men kounye a l ap mache desann nan direksyon Jouden. Mennen l nan Latè pwomiz, Seyè. Epi sele l nan mitan pèp la. Pou ke, nan Jou gloriye sa lè n pral rankontre laba, ke m ka santi akolad akèy li, “Presye frè mwen!” “Mwen konnen Li.” Mennen Banks avè l, Seyè, èske W vle? Papa l ak manman l, ak yo tout, sè l, ak tout fanmi remakab sa, se pou nou tout rankontre laba, Seyè, epi se pou chak nan yo ranpli ak Sentespri. Mwen priye nan non Jezi. Amèn.

Ou pral resevwa L, frè. Bondye beni w, Frè Lyle.

196 [Yon moun di, “Frè?”—Editè a.] Wi, frè. [“Gen yon apèl long distans, e se yon ka lanmò, k ap tann sou liy telefòn lan.”]

197 Gen yon moun k ap mouri, sou yon apèl long distans. Ebyen m ap remèt Frè Neville sèvis la pandan m la.

198 [Frè Neville di, “Ala yon gran jou mèvèye nan Seyè a! Bondye fè kèk bèlmèvèye pou nou jodi a. Atant mwen yo konplètman satisfè.]

[“Annou kanpe ansanm, sou pye nou.]

199 [“Sonje sèvis, mèkredi swa a. Rete vrèman nan lapriyè. Pou tout kè ki pa satisfè, ki pa sèten ka plis ankontak ak Bondye. ‘Lè a rive. Kounye a se tan an. Jodi a se jou delivrans lan.’]

200 [“Bondye beni chak nan nou vizitè yo, nou menm moun ki sot byen lwen yo. Priyè nou se pou Bondye ba w gras pou vwayaje, tounen kote w rete. Mwen te kontan genyen w avèk nou. Epi priye pou nou pandan w prale, pou Seyè a beni plas sa a, tou.]

201 [“Papa Nou ki nan Syèl la, pandan sèvitè W vini aswè a, pou fè travay biwo pou sèvitè pwofèt Ou, ki kanpe nan mitan, fose a, ap fè lizyè, ap vini pou nou ak pasyon anflame sèvitè Ou, batize ak Sentespri a, pou l te resevwa fonksyon pwofèt, pou ap pale ak

jenerasyon sa a. Ede nou jodi sa aswè a, pou nou resevwa Mesaj ki vin a noumenm nan, Seyè, egzòtasyon an, pou nou prepare nou.]

202 [“Beni chak nan nou ki pase pa pòt bilding sa a aswè a. Se pou maladi ki sou nou, ke nou pa menm konnen, se pou gras ak pwisans beni Ou prezève pwoteje epi geri nou, kenbe nou, jouk moman sa lè W pare pou transfere nou lòtbò a. Beni tout moun ki dekouraje e desi, moun ki pè, ak sila yo ki fèb.]

203 [“Bondye, nou priye aswè a pou yon vizitasyon espesyal, benediksyon Sentespri a, k ap repoze sou chak vwayajè, chak peleren, chak etranje nan pòtay nou. Chak moun ki soti nan pòt sa aswè a, se pou vwal ki kouvri ak San, ki sot nan kwa Kalvè a, ka kouvri epi founi yon fason sifizan.]

204 [“Geri nou lè nou malad. Kenbe nou ak fòs pwisan W lan. Wenn nou pou fè sèvis. Se pou nou mache nan lanmou, devan Ou, tout jou lavi nou. Epi n ap glorifye W pou sa, paske nou mande l nan non Jezikri e pou Limenm. Amèn.]

205 [“Epi Bondye beni w. E nou te kontan genyen w avèk nou. Bay nou youn lòt lanmen.”—Editè a.]

206 M vrèman apresye tout sa nou fè pou mwen, ti kat la ak . . . ? . . . Wi mesye. M vrèman apresye . . . ? . . .

207 Konsa nou te lanse wòch lafwa a . . . ? . . . Te gen yon nonm ki sot nan zòn lan . . . ? . . . Kidonk mwen te voye lapriyè al deyè l, nan Non Jezikri. Li te kouche la anviwon inèdtan, okenn batman kè, okenn souf, anyen ditou. Okenn souf, okenn batman, ou respirasyon, anyen ditou; je nan tèt li yo ap fikse, li te tonbe sou chè a. [Frè Neville di, “Manzè jis kite l kouche la jiskaske lapriyè sa a te rive.”—Editè a.]

208 *Sa a* toujou louvri? [Frè Neville di, “Wi, li toujou louvri.”—Editè a.]

209 Èske m ka gen atansyon nou? Anwo a nèt, yon jèn evanjelis, yon predikatè, anwo la nan Indiana, t ap preche, li te tonbe rèdmò sou chè a, sa te gen jis anviwon inèdtan. Pandan l t ap preche, li tonbe sou devan, epi li te mouri sou chè a, yon evanjelis remakab, ki t ap preche anwo la nan Indiana. Pastè a jis te vini e l te rele m. Li te mouri egzakteman pandan l t ap preche sou lonksyon Lespri, li te tonbe pa devan, je l ret fikse, respirasyon l te kite l. Yo te deklare l mouri, li te tonbe mouri pandan inèdtan. Epi yon bagay te di yo pou yo rele legliz la pou mande m priye. Kidonk mwen te voye lapriyè pou fè l tounen, nan Non Seyè Jezi. Se pou nou jwenn ansanm avè m ak lafwa, ke sa pap manke sib la, pou ravive l epi mennen l tounen. Mèsi.

210 Bondye avèk nou, jiskaske m va wè nou mèkredi swa. Nou menm moun ki sot Georgia ak nan viwonn lan, orevwa. Ke Bondye avèk nou.

211 Frè Pat . . . ? . . .



*ADOPSYON 1* CRE60-0515E

(Adoption 1)

SERI ADOPSYON AN

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle dimanch swa, le 15 me, 1960, nan Branham Tabènak nan Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)



## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)